

# МагIарулай

6/2018

ISSN 0132-9723



# С Новым годом, дорогие подруги!

Коллектив журнала "Женщина Дагестана"



# Кинабго буго чIужугIадан йикIиналда бараб!

Ана цоги сон, нилъер таманал анищал, хьулазе ва батизе бегьула чанги ракIбуссиналъеги рес кьураб…

Амма цадахъго босани, дир хIисабалда, гьеб букIана лъикIаб сон, щайин абуни нилъеда рихьана цIилъулеб гIумруялъул, гIадамаздехунги ишалдехунги цIияб балагьиялъул гIаламатал, бихьана нилъер республикаялъул ургъел гьабулеб гьеб цебетIезабизе хIаракат бахъулеб букIин. Гьел гIаммал ва чIорогоял рагIабилъун рихьаниги, цо къадаралда цебечIезабизе бегьула гIумруялъул сурат, щибаб къоялъул хIакъикъат, нилъер ракьцоязул лъикIал ишал. Дагъистан бечедаб буго гвангъарал, ишалъулал, бажари-гьунар тIокIал гIадамаздалъун! КигIан гIакъилал, тIадегIанал ва гIуцIарал ругел мугIрузул ясалги!

Абизе бегьила кинабго дица хъвалебгIан лъикI гьечIиланги.

Амма гьебго заманаялда дица хъвалебги битIарабльидалха, гьебги бугелъул гIумруялда, абизе бегьула лъикIал рахъал дагьал гьечIиланги ва гьелъ борцине ккола нилъер мурадги ракьалда нилъеца ккoлеб бакIги.

ЖамгIияб гIумруялдасаги рикIкIалъун гIицIго хьизаналъулаб мурадалъулаб басма гьабизеги данде кколаро. «МагIарулай» журнал кидаго букIана жиндирго мурадалъулаб – руччабазе ва руччабазул хIакъалъулъ. Гьедин букIинеги ккола, кинаб рахъха цебе чIезабизе бегьулеб руччаби гьечIого. Кинал ишал гьарулел ва масъалаби тIуралел руччабиги гьечIого? Гьединлъидал гьалъул хIажалъиги кIудияб буго!

Нилъеда бихьана, нилъеда лъана гьеб нилъер руччабазе къваригIун букIин. Дагъистаналъул районазде гьабураб щибаб сапаралда, нижер цIалдолезулгун дандчIваязда нижее гьабулеб хинаб дандчIваялъ, гьалда рахъулел макъалабазде кьолеб кIвараль бицуна журналалъ гIумруялда жаниб кколеб кIвар бугеб бакIалъул, гьалъул бугеб хIажалъиялъул. Гьедин ружула цIиял пикраби, ратула героял, авторал ва гьезул бицуна нижеца.

Хириял нижер цIалдолел! Нижеца нужеда баркула тIаде щолеб ЦIияб Сон! БачIине те гьелда цадахъ нилъее баракатги щибаб рокъобе роххелги. Биччай гьелда цадахъ тIадеги цIикIкIине талихIги рохелги, букIине те рекъел ва нилъер гIаммаб рукъ – Дагъистаналда кинабго рахъалъ рекъей!

Нижин абуни, кидаго гIадин, нужер кагътазухъ ва дандчIваязухъ ралагьун рукIина!

**НАИДА КЕРИМОВА**

## НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:


### «ГIАДАМАЛ ЛЪИКIАЛЛЪУН РУКIИНА»



Араб гIасруялъул 30 соназда гIемерал гIадамал рачIана Росиялдаса Дагъистаналде, ччугIил промыслазда, заводазда, фабриказда, вузазда, школазда, больницабазда ва цогидалги бакIазда хIалтIизе, гьез рачIана жиде-жидер гIадаталги ва гьединго культура ва халкъиял кучIдулги. ................. 9

### КАДРИЯ ВА ПИРИДУЛ ГВАНГЪИ



Щивав чиясул букIуна жиндирго хасаб къисмат ва къанагIаталги гьел цоцазда релълъунаро. Гьединлъидал щибалиго баян гьабизе, бичIчIизе, лъазабизе лъугьинги гьадингосеб иш буго… .. ............................................. 26

### АРАЙ ЮССИНЧIЮ...



Дагьалъ цебе нилъер республикаялда ккана киназдаго рагIараб ва ахIихIур гIемераб лъугьа-бахъин. Билана чанго лъимер. Гьезул цо-цоял ратана хун, цоял гъанкъун, цоял чIван ва руго жеги ратичIел, кин ралагьаниги кодоре щоларелги. ....................... 28

### УЧИТЕЛЬ! ДУР ЦIАРАЛДА ЦЕБЕ



ГIемер щолаан гьей лъималгун цадахъ ГIабасил МухIамадихьеги. Хъвана гьесул махщелчилъиялда тIасан гIелмияб хIалтIиги. Гьединго Эльмира Насрудиновнаялъул махщел буго кучIдул – харбал, макъалаби хъвазеги.................... 33

ЖИЛДАЗУЛ ТӀОЦЕБЕСЕБ ГЬУМЕРАЛДА

# ТАЛИХӀ – ЩИВАСУЛ ХАСАБ БУКӀУНА

Ажа ГӀАБДУРАХӀМАНОВА

Нужеда дандчӀвачӀищ рихьаралго рекӀелъе жалго лъугьунел гӀадамал? Гьединайлъун ккола, йихьарайго гӀемерал соназ лъалей йикӀарайлъун колей, ДГПИялъул, школалда цебесеб лъай кьеялъул педагогикаялъулгун – психологиялъулаб кафедраялъул доцент Жасмира Багичевна.



Церегоялдаса лъалел рукӀарал ва хирияв гьалбадерихъ гӀадин ралагьун чӀун ратана гьел нижехъ. Нижеда данде ячӀана, йихьарайго гьей яц ятилилан ракӀалде ккарай, гӀолохъанай ва берцинай гӀадан. Хадуб баянлъана гьей гьелъул яс йикӀин ва цӀакъго рельлъарай йигоан эбелалдаги. Жасмира Багичевнаялъул тӀоцере рагӀарал рагӀаби ккана, цохӀо мухъгицин хъвачӀого таниги нуж нижее хирияв гьалбал ккола! ЛъикӀ щварал, гӀагарал!

БитӀараб бицани, дун гьеб дандчӀваялде абизегӀан хӀадурлъун йикӀинчӀо. Дун гьение ун йикӀана цадахъ хӀалтӀулейгун, бакӀги гьейги йихьизеян, амма гьенийго хутӀана, цадахъ йикӀарай, табасараназулаб редакциялъул редактор Сувайнат Исрафиловаги хехаб къваригӀелалъ ине ккун, амма…

ТӀоцебесеб балагьиялъ бижизабураб пикру мекъаб батичӀо. Берцинабго, тӀугьдузул цӀураб азбаралда рещтӀана ниж ва разияв рукӀана гьезул рокъосел киналго, лъималазул лъималаздаса байбихьун, кӀудабаба-кӀудададе щвезегӀан. Киналго рукӀана рагьарал ракӀазул, кӀалъа-басаялъе хӀадураллъун. Гьединлъидал гьез бицунебщинаб лъугьана божизарулеб ва гӀемерго захӀмалъичӀо рагьараб хабаралде Жасмира Багичевна лъугьинайизеги.

Тарбия щвезе байбихьулин ургьибгоян аби буго. Гьай-гьай, гӀумру гӀемераб бихьун хӀалбихьи щвезе ва лъикӀал гӀамалал куцазе

бегьула, гьединго тарбия кьолезул гьунаралда барабги гIемераб букIуна. Амма, соназдасан, чиясулъ хутIула эбел-инсудаса щвараб лъикIабги квешабги…

- Дилъ бугебщинаб лъикIаб эбел-инсухъан ва кIудадагун-кIудабабахъан щвараб ккола, - ян абуна Жасмираца. - КIудиялгун цадахъ йикIунаан дун гIемерай. Дида ракIалде щола кIиго соналдаса хадуб заман. КIудадае дун хирияй йикIана, амма гIайиб ккани гурхIизеги гурхIулароан гьев дида. Гьев вукIана Табасаран районалъул исполкомалъул председатель. РакIалда буго, гьес дун жиндаго цадахъ исполкомалъул данделъияздегицин ячунаан, кIудабаба диде регIун гьечIони. Гьев вукIана кутакалда гьайбатав ва ракI лъикIав чи.

Инсуца лъугIизабуна Волгоградалъул цIех-рехазулаб тIадегIанаб школа, хIалтIана батIи-батIиял хъулухъазда. Эбел Наидаца лъугIизабуна педучилище ва хIалтIана Хучниялда ясли-ахикь.

- Цадахъго босани дун талихIай гIадан ккола…- янги абун Жасмина пикрабалъе ккана, - талихI буго данде кквеялъулъ загьирлъулеб жо, ва гьеб щивасул жиде-жидер хасаб букIуна. Нилъеца гIемерал рехсола Лев Толстоясул «Киналго талихIал хъизанал цого хIалалда талихIал рукIуна…» абурал рагIаби.

Дир лъимерлъиги гIолохъанлъиги букIана талихIаб. Цересел гIадамаз кидаго дир рахъ кколаан. Гьелъул кIварги букIуна! Дунин абуни гIолохъанаб мехалда йикIана кинабго гIемераб къваригIуней, кинабго согIго къабул гьабулей! Эбелалъулгунин абуни гьоркьоблъи букIана божиялъулабги хинабги.

Эбел киналъульго дир рахъалда йикIунаан, амма заман индал абулаан: «Мун рекъоларебщинаб жо мекъаб гьечIого букIине бегьула, гIадамазухъги цогидал рахъаздасанги ралагьизе ккола» ян. Ва дица берал рагьулаан гIатIидго, байбихьулаан анализал гьаризе, гIадамазулгун гьоркьоблъи батIайиса гIуцIизе, дирго гIайибал рихьизе.

Эменин абуни дие гьалмагълъун вукIана. Гьесда дун йичIчIулаан, дихъ гIенеккулаан. Гьединлъидал дун йикIана талихIайлъунги. Та-



лихIин абуни дие – гьеб бечелъи кколаро. ТалихI буго цоцазда ричIчIулеб ва ращадаб хъизан. Дир рос Нариманги гьединавго вуго. Лъай-хъвай нижер ккана тохлъукьего, Хивалде унаго автостанциялда дандчIвана ниж. Гьес дир ункъгIалалъе кумек гьабуна автобусалда жинибе гьелъул къайи босизе ва дица махсаро гьабуна, нилъехъги камун рихьуларин унго-унгоял бихьиналилан…

соназ ниж хъизаналъулаб общежитиялда рукIана, эбел-инсуда цадахъ гIумру гьабизе рес бугониги. Чангияз нижеда гIайибгицин гьабулаан, амма данделъаралдасаго нижеца хIаракат бахъана лъидаго бачIеб гIумру гьабизе, гьев чанги унаан вагонал чIехьезеги… Институт гьес лъугIизабуна щуйилазда. Доб заманаялда вукIарав ректор Шейх ИсмагIиловис гьев кафедраялда ассистентлъун тана ва хадуб цIунана диссертациялъулаб хIалтIи… Гьале анцIила щуго соналъ гьабулеб буго гьес деканлъи.

- ГIемераб жо бихьана нижеда, - ян абуна Жасмираца, - амма роххелги къварилъиги нижеца цадахъ баччула. Ниж цоцазда гIемериселъ калам гьабичIогоги ричIчIула, лъала абизе ва гьабизе бокьулеб хIалтIи. БукIунищ гьедин? Чияс дур квер ккуна ва киданиги гьес гьеб биччалареблъиги дуда лъала. Гьес мун толаро, дуе гьев хисуларо, гьев къуркьуларо….

Гьев ккола нижер гьитIинаб хъизаналъул гуревги тIолабго тухумалъулги бетIерлъун. Эбелалъ куцан буго гьесулъ гьединаб жавабчилъи. Дир якьад Гюльханум

***Дирин абуни анищ буго нилъерго гIадатал цIунун хутIизе: кIудияв вачIиндал тIаде рахъунеб, инсул рагIухъ гIенеккулеб, гьоболасул адаб цIунулеб, мадугьалихъ гьуин рукIунеб, хIажалъидал жамагIаталъ кумек гьабулеб, гьединго хъизаналда кIудияс малъараб гьитIинас гьабулеб гIадат букIана ва гьеб кинабго цIунизе ккола…***

- Хадув дида гьев ватана пединституталда цеве, вихьизе байбихьана библиотекаялда, гьев гIодов чIолаан аскIоб бугеб столалда нахъа. Рокъое унелъул хаду-хадув вилълъунаан, дун цIунулев вугев гIадин,- ян бицана Жасмираца. Цо-цо, гьадинго гIадин, гьикъулеб жоги камулароан. Гьедин дун гьесдехун ругьунлъана … вокьана… къисмалъана…

Нариман вуго гьабулеб иш мурадалде щвезе хIаракат бахъулев, жавабчилъи гIурав чи. Гьев кинабгIаги хIалтIудаса хIинкъуларо ва гIумруялъухъ гIакъилго валагьула. Жеги студентлъун вукIаго гьес эбел-инсудеги ккечIого жиндиего бетIербахъи гьабулаан. ГIемерал

йикIана гIакъилай ва гIадамазул тIалаб гьабулей гIадан. Гьелъул бищунго хирияб дугIа букIана, кинабго лъикI ккаги абураб. Наримание гIемераб щун буго инсухъан, унго-унгояв магIарулав, бихьинчилъи лъарав ва цIунарав Асварихъаги…

Нижее тIоцевесев вас Амиран гьави гьелъие букIана кIудияб рохеллъун ва гьелъ гьесул кинидахъ ахIулаан кучIдул, рицунаан харбал. Ва гIумру ахиралде щвезегIан гьелъие гьев вукIана «берзул канлъилъун», хIатта холелъулгицин гьелъ абулеб букIана гьесул гьаракь рагIизе, гьев вихьизе бокьун бугилан. Дальный Востокалда хъулухъ гьабулев гьевги росулъе щведал кIодолги кIудадалги хабаде щвечIого чIола-

ро. Жиндирго васасда цIарги гьес Асварилан лъун буго.

- Гьале нижер Санитаги, - ян бетIерги гьанкIизабун гьелъ йихьизаюна гIолохъанай гIадан. – Гьалъулъги буго дир якьадалъул тIабигIат-гIамалалъул гIемерисеб. Лъалищ, гьалъул хъизаналъ гIумру гьабулеб буго Чукоткаялда. Гьал гурони табасараналги дора гьечIо. Дир васасулгун лъай-хъвай гьалъул ккун буго Москваялда. Гьев гьенив РФялъул Оборонаялъулаб тIадегIанаб Рагъулаб школалда цIалулев вукIана, гьейги гьение лъугьинеян чIун йикIун йиго. Нижее гьай цIакъго гIагарлъана… Нижер АхIмадиеги Аминаеги яцлъун лъугьана.

Гьоркьохъев вас АхIмад хIалтIулев вуго гIолилазул ишазул гьечIилан ккарал заманабиги, амма хъизаналъул гьункиялъ, вацал-яцазул кумекалъ хвасар гьарулаан. Камулароан, нижехъа жидее гIемераб кумек щваниги хадур кумекалъе ва хIалае ратуларел ва чорок гьаризе лъугьунел гIадамалги…

Цоги жо, щивниги чи гьавулаpo гIакъилавги къуватавги, лъай бугевги. Кинабго гьеб балагьизе ва лъугьинабизе ккола. Киналъего хIажалъула сабруги. Нариманиеги диеги гьеб сабру гIураб кьун буго, - ян абуна Жасмираца, росасул бицунаго гьесие рецц-бакъ гьабизе хIаракатги бахъулаго. Гьелъ бицухъе дагьал гьечIеблъи бихьана гьезул гьудул-гьалмагъзабиги.

- Дир руго цIакъго гIагараллъун лъугьарал гьалмагъзабиги, гьезул-

***ГIицIго мугIалимзабазда ва студентазда гуревги лъала ДГПУялъул тарихияб факультеталъул декан Нариман Асварович Асваров. Гьев вуго жиндирго халкъги бокьулев ва гьелъул тIалабги гьабулев чи. ГIемерал соназ квербакъулеб буго гьес табасаран мацIалда рахъулел басмабазде, гIолохъанал гIалимзабазе, студентазе подпискаги гьабун. Лъалелщиназ абула гьев вугила гьудуллъиги лъалев ва гьебги цIунулев чийилан.***

Министерствоялда. Аминка жеги школалда цIалулей ва ва тохтурлъун яхьине анищал гьарулей йиго.

- Лъималги руго эменго гIадинал, мурадалде щвезе хIаракат бахъулел, - ян абуна Жасмира Багичевнаялъ, - цебе лъураб масъала тIубачIого чIоларо.

Хадубги ккана хабар талихIалъул, хъизаналъул, гьалмагълъиялъул, ай гIумру абураб рагIиялъ жанибе бачунебщиналъул хIакъалъулъ.

- ТалихIалъе гIемераб жоги хIажалъуларо. Хинаб рагIиги, хIажаталъуб кумекги бугони гIола. Мисалалъе, дир лъималазул тIалаб гьабулей гIадан. Нижеца кинацаго гьелда эбел Аняян абулаан. Амма гьей йикIана кIудияб культураялъул, тIадегIанаб жавабчилъиялъул ва ракI рагьарай гIадан. Нижер лъималазе гьей кутакалда йокьулаан. ЗахIматалъухъ гьелъие мухь кьолаан, амма рекIелаб хинлъи бецIизе рес букIунаро. Гьей лъималгун кватIизегIанги йикIунаан. Гьелъ гьезие пирогалги режулаан. ГIакълуги кьолаан…

Нижер гIумруялда жанир гIемерал рукIана ракI боххизе жо гун кидагосеб бухьенги букIуна. Нижеца мина балеб мехалдагицин Нариманица гIемер абулаан: «Щай мина балеб гьенире рачIине гьудулзаби гьечIони» ян. Гьесие бокьула байрамал, сайгъатал гьаризе, гIадамал роххизаризе. Гьединго гьесда лъала лъикI хабар бицинеги».

Нижер хъизаналда чанги гIадатал раккана гьудул-гьалмагъзабазул баракаталдалъун… Мисалалъе, Галстукалъулаб Къо. Кидаялиго, жеги 90- абилел соназда Наримание сайгъат гьабун букIана галстук, кин биcаниги вузалда хIалтIулев чилъидалха гьев кколев вукIарав. Амма Нариманица гьеб бачIо, гьединаб чIухIиялде вахиндал бухьиниланги абун, ва тIоцебе галстукгун гьев къватIиве ана тарихалъулаб факультеталъул деканлъун тедал. Гьелдаса хадуб гьалмагъзабаз кIодо гьабуна гьес галстук бараб къо. Махсаро букIаниги щибха, гьединаб гIадат лъикIаб буго.

Гьединго нижеца кIодо гьабула Эбелалъулги Инсулги Къоял, гьарурал къоял гурелха гьел. Лъазарула ва цо-цо нижецагоги гьарула гьезде кучIдул. Буго нижер гьединго лъималазул лъимадул Къоялги. Ниж кIодолъун ругелъул, гьединал къоязги лъимал нижехъе рачIуна ва тамадалъун тола кIудада.

Гьай-гьай гьел руго рекIелгъеязе гьарулел жал, амма дие бокьилаан бихьинчи – инсул, бихьинчи – васасул, бихьинчи – вацасул къимат, цебе нилъехъ букIарабго гIадин, тIадегIан ккезе. Гьединго руччабазулги. Гьанже гIемераб бицуна руччабазул ихтияразул. Амма магIарухъги руччаби ихтияралдаса махIрумаллъун рукIинчIо. Нилъ цIакъго квеш чияраб культураялде гьорлъе кколел руго, нилъерабго кIочене толеб буго.

Жасмина Багичева ккола педагогикаялъул мугIалим ва гьелъ малъула хъизан гIуцIиялъулаб предметги. Цо рахъалъ гьелда ургъел чIван буго гIаммаб къагIидаялда лъай кьеялъул ва босиялъул даража гIодобе кколеб букIиналъул, лъималазе къватIисан къваригIелго гьечIеб информация щолеб букIиналъул, гIумру гьезда лъалеб гьечIолъиялъул ва гIадлу-низам цIунулеб гьечIолъиялъул. Амма цогидаб рахъалъ гьей божулей йиго кинабго лъикI букIиналда лъималазул божилъи ва лъикIлъи цIикIкIиналда. Мисаллъунги гьелъ рехсана дагьалъ цере лъимал «Забота» интернаталде щвей ва гьенир ругел унтарал лъималаздехун букIараб хинаб балагьиги гурхIелги, хIатта гьелгун хIазе бихьизабураб гьирагп. Хадуб гIемераца абулеб букIана жал жеги-жеги инила интернаталде ва бажарараб кумекги гьабилилан.

***БитIккараб хъизан, талихIаб хъизан… Гьединал хъизаназда гIурал лъималги рукIуна унго-унгоял гражданал, баракатал гIадамал. Гьединаб хъизаналъ дида ракIалде щвезабула гьуинаб ва гьарзаго пихъ кьолеб сахаб гъветI. Гьелъул кьалбал рукIуна анкьумумулъе риччарал, ва гьединазул жал рижараб улка-ракьалдеги халкъалдеги рокьиги букIуна, ай кьалбал гIола пихъ гьарзаял. Гьез кьола гьогьенги, гьединаб гъветIалда гьоркь гIисинал-тIирщулел камуларо ва гьедин гьелъул гIумруялъе ахирги букIунаро.***



# Пакизат Фатуллаевалъул гIумруялъул поэзия

Наида КЕРИМОВА

Абула хисизе бегьуларел чагIи рукIунарин. Цо рахъалъ гьеб битIарабги батила: чи уна ва гьесул бакIалда вачIуна цогидав, гьесдеги ругьунлъула, гьевги ругьунлъула, дагьавги лъикIавги вукIине бегьула гьев ва коллективалъе гьевги гьесие коллективги бокьизе ресги букIуна. Гьединаб буго гIумрудул ритIухълъи ва гьелдаса рахчизе бегьуларо.

Амма… Пенсиялде арай Пакизат нижее цIакъго гьечIого гIоларого йиго. ГIолеб гьечIо гьелъул рагьараб ва цIодораб каламги, редакциялъул гIаммаб ишалдехун кIудияб мурадалъулаб балагьиги, журналалдехун ракI- ракIалъулаб рокьиги ва хасго жиндир лезгиязулаб выпускалде тIалабги.

Руго гIадамал жал ругеб бакIалда чIалгIун ва иш гьечIого щивго толарел, кIвахIаллъизе риччаларел, гьабулеб хIалтIулъ тасамахIлъи хIехьоларел, ай гьираялда иш гьабулел, хIаракатал. Гьединай гIадан йиго Пакизатги! Гьей циндаго, ракIалдаго гьечIого мустахIикъаб хIалхьиялде ин, битIараб бицани, нижее къабуллъичIо, кин ниж тIуралел гьейги гьечIого…

Нижер коллективалда щивав чиясул буго жиндирго бакIги ишги. Щивасул буго жиндирго тIокIлъиги – профессионалияб, жамгIияб, культурияб, этикияб яги цогидаб рахъги. Пакизат йиго лъаялъул ва культурияб рахъ жиндир загьирай гIадан. Унго-унгоги гьей ккола гъваридаб, абухъего энциклопедиялъулаб лъаялъулай. ДГУялъул филологиялъулаб факультет ва Москваялда М. Горькил цIаралда бугеб Литературияб институт лъугIизабурай Пакизатие щун буго лъаялъул лъикIаб бечелъи ва гьелъ гьеб бажарун, гIемерал соназ хIалтIизабуна «МагIарулай» журналалда, хасго гьеб журналалъул лезгиязулаб редакциялда.

Пакизат Фатуллаева Дагъистаналда лъала шагIир хIисабалда. Гъваридаб асаргун бихьизабула гьелъ гIагараб лезги мацIалъул берцинлъиги бечелъиги. Гьелдалъун рагьула мугIрузул ракьалъул кьералги, гIемер рахъазулаб культураги.

КучIдул хъвазе гьелъ байбихьана школалда цIалулаго. Гьел гьарулаан рокьулел учительзабазде, гIагараб росдаде, гьайбатаб тIабигIаталде. Гьелъул поэзиялъулъ бихьула рехун толел ругел росабазул къисматалъул ургъелги йижараб ракьалъул тIалабги.

Абизе кIоларо кинаб рахъ Пакизатил цIикIкIун загьираб бугеб – поэзиялъулабищ журналисталъулабищ, щайгурелъул гьелъ гьел рахъал цадахъго махщалида рачуна. ШагIирлъун, тилмачлъун, литературияй критиклъун кколей гьелда лъикI бичIчIула РагIи, гьелъул гъварилъи ва къуват борцине лъала, гьединлъидал хIаракат бахъула Образалъе рекъон кколеб рагIи балагьизеги, редактор хIисабалда гьеб рекъезабизеги.

Литературиял киналго жанрал лъикI лъалей Пакизат Фатуллаевалъ жиндехун кIудияб хIурмат бижизабуна аналитическиял, литература лъазабиялъулал, тарихиял ва гьанжесеб лезгиязул литератураялъул хIакъалъулъ очерказул автор хIисабалдаги. Машгьурал хъвадарухъаби ТIагьир Хрюгскиясул, Сулеман Стальскиясул, Сталалдаса Саядил, Фазу ГIалиевалъул ва цогидазулги гьелъ лъугьинарурал литературиял портретаз мустахIикъаб бакI ккола дагъистаналъул литература лъазабиялъулъ.

Гьанже Пакизат Фатуллаевалда батана литературияб творчествоялда цоги иш – тилмачлъи. Гьелъ лезгиязул цIалдолезул лъай-хъвай гьабулеб буго Бакъбаккул рахъалдаса гьоркьохъел гIасрабазул хъвадарухъаби Низамилгун, Новаилгун, Фирдоусилгун…

Бечедаб рухIияб рахъалъул гIадан Пакизатица гIумру гьабула лъикIлъиялда ва ритIухълъиялда божун. Гьелъие бокьуларо ургъел гьечIолъи ва кIвар бугеб ишалъулъ гIахьаллъунгутIи. Гьанже хIалхьиялда йигониги гьелъ жигаралда тIибитIизабула лезгиязул литература, гьираялда гIахьаллъула культуриял ва литературиял тадбиразда, цее яхъуна вечеразда, радиоялдагун телевидениялда, хъвадарула басмабазда, цIалдолезул лъай – хъвай гьабула цIи-цIиял асаразулгун ва автораზулгун

Щивав унго-унгояв хъвадарухъан, гьединаб цIаралъе жив мустахIикъавилан толев вугони, вукIине ккола романтиклъун, гьес бижизабула жиндирго тIадегIанаб, мисалияб балагьи гIумруялдеги ва кинабго лъугьа-бахъунелдехунги. Нижер Пакизатилъ гIажаибго рекъон ккун буго материалиябги рухIиябги ва гьединго хIакъикъиябги дунял. Гьединаб рекъонккей нилъеда бихьула гьелъул поэзиялъулъ ва гIумрудулъги.

Даргиязул выпускалъул редактор ПатIимат ВахIидовалъ жиндирго тIехьалда гьадин хъвалеб буго: «Пакизатил дунял буго гIатIидаб ва гIемер рахъазулаб. Пакизатил къо буго гвангъараб, йоххараб, сверухъ ругездехун рокьи загьираб. Ва гьелда лъала гьединаб хIикмалъи жий поэзиялъул дунялалда гIеялъ лъугьинабураб букIин» абун.

ГЬЕДИН БУГИЗЕ БУГО ГЬЕБ!





# МАГIАРДА ТIАД ХИНАБ РУКЪ...

ГIАЙШАТ ТАЖУДИНОВА

ГIадамал ричIчIи, гьезда гурхIи, хIалае рати... Гьанже гьел рагIаби дагьал гурони рагIуларо, гIемеразда кIочон толел ругиланги ккола. Гьезул магIна буго къварилъуде ккедал гIадамал, лъилго гIахьаллъи гьечIого, жалго хутIулел ругин абураб. Къварилъабийин абуни, нижручабазул гIаммал руго.

## ГIУМРУ ГЬАБИЗЕ КЪУВАТ ХУТIИЧIЕБ МЕХАЛДА...

Социалияб бесдаллъи, тIурачIел хъизанал, ратIалъи, ракIалда букIинчIеб лъимаде ккей. Ва гьединго, битIккечIеб ригьнал, ратIалъиялъул хIакъалъулъ гIагарлъиялда лъазе гурилан ва суризе гурилан абураб хIинкъи. Гьединал лахIзатаз гIумру гьабизе гъираги хутIуларо, кIочон тола киналго анищалги, гьединго кIочон тезе бокьула кинабго, ракIалдаса уна киналго хIажалъабиги, щайгурелъул гIадатияб чIухIиялъ толаро лъидаса букIаниги щибниги гьаризе. Гурин, гьедин букIунарин нилъер магIарул ракьалдайилан абизе бегьула гIемерисез. Амма щивасул къварилъи-балагь хасаб букIунелъул, кидаго гуро ратулел гIенеккун бажарулел, ургъелал рикьулел, кумекалъул квер бегьулел. Щай гьедин кколеб, илан гьикъана дица эбелалъулги лъимадулги суалазул «Ангел – хранитель» абураб стрессазулаб централъул нухмалъулей Евгения Юрьевна Величкиналда. Нилъехъе гьание гьей ячIун йикIана коммерциялъулал гурел гурхIел-рахIмуялъулаб гIуцIабазул хIалтIул хIалбихьи лъазабизе ва гьединго гьеб рахъалда лъикI хIалтIулеб, хIакъикъияб кумек гIадамазе гьабулеб центр республикаялда рагьизелъун.

- Россиялъул киналго регионазда эбел-лъималазул масъалаби релълъарал руго, - ян абуна гьелъ. – ГIемерал соназ дун хIалтIана Воронежалда бугеб «Ангел – хранитель» абураб эбелалъул ва лъимадул суалазул централда. Щибаб нухалда хIикмалъизаюла гьеб суал киса-кибго бищунго бегIераб социалияб масъалалъун хутIун бихьиялъ. Бищунго цебе гьениб загьирлъула экономикияб кризисалъул ва политикияб ахIвалхIалалъул захIмалъаби. РакIалде ккезе бегьула хъизаналъул ургъел пачалихъалъ тIоцебесеб иргаялда гьабизе ккколин, гьедин эбелалъул ва лъимадул киналго ихтиярalги цIунун рукIине ккколин абун. Амма, хIакъикъаталда иш гьелъул гIаксалда батула, кинаб букIаниги социалияб кумек гьезие щвезабиялъе гIемераб хIалтIи гьабизе хIажалъула. Гьедин гурони хъизан цIунизе кIоларо. КъваригIун буго хъизаналъул статус борхизабизе

Дица гьикъана щайин Евгенияца Дагъистан бищараб абун.

– Лъалищ, - ян абуна гьелъ, - нижер гIуцIи буго жамгIияб, грантазул ва кумеказул хIисабалда хIалтIулеб. Гьебин абуни бигьаяб жо гуро, щайин абуни нижее пачалихъалъул кинабгIаги кумек щоларо, гIицIго цо социалияб проекталъул рахъ кквей гурони. Гьединлъидал нижее цIакъго хIажалъула хIалтIул хIасил букIине, гьебги цо ва чанго регионалда батIаго босун гуреб, тIолалго регионазда. Нужер республикаялда ниж рещтIана гьанир гIемерал мацIалги, гIадаталги, гIемерал лъималги







рукIиналда бан. Гьел киналго социалиял рахъазул битIахъегояб кIвар буго эбел-лъималазул масъалаби тIуразариялъулгун.

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХЪИЗАН – ХАСАБ БУГО

Специалистазул балагьиялда рекъон кинабха бугеб дагъистаналъул хъизан, кинал хаслъиял мугIрузул улкаялъул ва гIумрудул гIуцIиялъул гьенир рихьулел абун гьикъана дица редакциялде гьоболлъухъе щварай гьоболалда. Ургъун рагIабиги ралагьун, Евгенияца хIаракат бахъулеб букIана жавабал мухIканал гьаризе ва кьолел рукIинчIо тIаса-массаялго къиматал. Аслияб кIвар гьелъ буссинабуна тIуразе кколел масъалабазде, мисалалъе кризысазул централде ккарай чIужугIаданалъ жиндир хъизаналъе ругел къварилъабазул хIакъалъулъ мухIканаб баян кьолеб гьечIолъи, гьелъ гIемераб бахчун толеб букIин. Гьеб бихьана нижедаги, руччабазе къабуллъулеб букIинчIо журналисталгун гарачIваризе, гьез рахчулел рукIана жидерго лъимал.

- «МагIарда тIад хинаб рукъ» абураб жоги гьадингосеб цIар гуро, - ян бицана центральул нухмалъулелъ. – Гьеб буго, лъазе бокьани, дагъистаналъул улбузе ургъараб психологиялъулаб образ, МугIрузул улкаялъулазе батараб хасаб цIар. Нижее цIакъ бокьилаан гьанир гьел хинаб рокъор гIадин рукIинеги, гьезда жидерго гьабулеб ургъел-агъаз лъазеги.

- Абиларо кIалъазаризе ва бухьен гьабизе бигьаго бугилан, - илан абуна Евгения Юрьевнаялъ. – МагIарул чIужугIадан калам дагьай ва жиндир асарал загьир гьаризе рокьуларей, гIемериселъ гIемераб жо жаниб кколей йикIунелъул, гьез хъизаналъулги, гьенир ругел гIунгутIабазулги, бигьаго бицунаро, хIатта лъугьуна рос, якьад ва цогидалги жидее къварилъи гьабулелги цIунизе. ГьединлъидалгьенибхIажалъула хасаб цIодорлъи, хIаракат бахъизе ккола ракIалда хъинтIуларедухъ гьезул бальголъи рагьизе, тIадеги цIакъ рахалареб куцалда гьенир квалквадизе. Гуронани захIмалъула, гIемериселъ бажаризеги бажарулаpo захIматаб хIалалде ккарайлъи лъалейги чIужугIадан жиндир бугеб хIалалъул бицине тIамизе. Гьединазе хIажалъула жидер араб гIумруялъул хIисаб гьабизе, гьенир ккарал гьалатIал ва рукIарал мекъал рахъал ритIизаризе кколеблъи бичIчIизе, ай гIумру хисизабизе лъугьинаризе. Гьенибин гьезие кумекги къваригIунеб ва нижеца хIаракат бахъула хIажалъани хIалтIи балагьизе, лъимералъе ясли-ахикь бакI гьабизе… Ай масъалаби гIемерал руго…

-- Кумекги гьабичIони, лъалебги мальичIони гIолохъанай чIужугIадан хутIизе бегьула хъизан гIуцIичIого, гIуцIарабги цIуничIого яги ккезе рес буго мекъаб нухде, - ян абуна Евгения Юрьевнаялъ. – Дунги дида цадахъ хIалтIулелги божула бокьарай чIужугIаданалда жиндирго гIумру лъикIаб рахъалдехун хисизабизе бажариялда.

Дица гьикъана кинин гьеб стрессазулаб централде кколел абун.

- Ниж тIоцебесеб соналъ гурелъулха хIалтIулел ругел, - ян жаваб кьуна Евгения Юрьевнаялъ. – Цо нухалданиги гьанире ккарал яги щварал руччабаз бицуна цогидазда жидер букIараб захIматаб хIалалъул ва ккараб бигьалъиялъул хIакъалъулъ. Гьединго интернеталдаги бокьарас балагьизе бегьула центральул ишазул хIакъалъулъ баян. Буго нижер бухьен пачалихъалъулал руччабазул централгунги, гьезда дандбала хIалтIи, бикьула хIалбихьи.

Жийго гьеб центральул нухмалъулейги йиго лъимал гIемерай гIадан ва гьелъ жиндирго ишалде гьорлъе вачун вуго росги, гьев ккола гьелъул аслияв кумекчи. Гьединал гIадамаз, кинабгIаги жидее ккoлеб хайиралъухъ ралагьичIого, гьабула гIемериселъ лъикIаб хIалтIи, гьединаздаса бахуна кумек. РухIдаллъичIого кин рукIинел гьединай жигарай, кIудияб хъизанги хьихьарай ва цогидазе кумекалъе ятизеги къеркьолей чIужугIаданалда? Центральул ишазул бицунаго Е. Великчиналъ хIаракат бахъана киналго рахъал рагьизе ва гьеб ишалъул хIажалъи бихьизабизе. Гьедин гьелъ гIемер тIадчIей гьабуна жамгIиял гIуцIабазулгун, батIи-батIиял ведомствабазулгун жидер бугеб бухьен бихьизабизеги.

- Кинаб методикаха нужеца гьаниб хIалтIизабулеб, абун гьикъидал гьелъ абуна централда хIалтIизабулила Макаренкол коллективияб асар цебетIезабиялъул



къагIидаялдаса пайда босулила жидецаги, ай гIаммаб иш гIаммалго лъугьун гьабиялъул ва гIадамал гъункизариялъул методика. Евгенияца абухъе централда гIатIидго пайда босулеб жо ккolila гIаммалго лъугьун хIалтIи. Гьенире кколел руго лъабго моцIида жанир микьгоги ва цIикIкIунги хъизанал ва киналго гьел рукIунел руго батIи-батIияб тIабигIат-гIамалалъулал. ГьединлъидалгIадлуги рацIалъиги цIуниялъеги жалго жидецаго тIураялъеги гьарулел руго собраниял, дежурстваби ва цогидалги тадбирал.

- Гьалмагъзабиги дагьал гьечIо «МагIарда бугеб рукъалъул», - илан бичIчIизабуна Евгенияца, - гурхIел-рахIмуялъулаб кумек нижее гьабулел камуларо. Мисалалъе, «Чабан» фирмаялъ чIезабула чIобого рахьдал продукция, руго жеги гьединабго гурхIел-рахIмуялъулаб кумек гьабулел.

## АСЛИЯБ ЖО – ГIАДАМАЛ!

Гьаниб щивасул буго жиндирго иш. Централда ругезул хIакъалъулъ бицунаго специалистаз загьир гьаруна жидерго пикраби ва нижеда бихьулеб букIана гьез бицунебги гьезда бихьулебги хIакъикъияб, ургъун бахъараб гуреб букIин. Хасаб кIвар кьун гьез бицана хIинкъараб хIал бугел руччабазул хIакъалъулъ. Гьезул цояй, лъабго лъимадул эбел, лъеберго сон барай гIаданалда лъалеб букIун гьечIо рокъосеб техника хIалтIизабизе. Гьелъ бицана жинца рокъоб Гъизляралда квен гьабулила цIеда тIад хьагги лъун. Гьей гIаданалъе кумек гьабизе бигьагоги букIун гьечIо, гIумру гьабулей гьей йикIун йиго гьекъолдухъабазда гъорлъ.

- Гьабин абуни къанагIат гурони данд чIвалареб жо буго! – ян бицана централъулаз. – Рокъоб росас кIалгьикъун толарого букIун, кIигояб гьеcда цадахъги тун, лъабго лъимергун нахъе ине ккун йиго лъади. Цоги дагьабги квешаб лъугьабахъин ккун буго Краснодаралдаса ячIарай гIаданалъул. Исламги къабул гьабун гьей ун йиго бакIалдаса чиясе. Амма хъизан цIунизе бажарун гьечIо. Гьанже гьелъ гIумру централда гьабулеб буго, гьелъул лъимер яслиялде хьвадулеб буго ва жийгоги гьений техничкалъун йиго. Цогияй ячIун йиго Избербашалдаса. Росас гьей кидаго юхулей йикIун йиго. Гьелда цадахъ буго хехаб кумек хIажатаб, анцIила цо сон бараб лъимерги.

«МагIарда тIад хинаб рокъоб» хIаракат бахъулеб буго цIакъго захIматаб хIалалда ругезеги, хIатта опекаялъулаб хъулухъалъги квер хьвагIун таразе кумек гьабизе. Гьениб кьварараб гIадлу буго: жидехъе рачIараздехун тIаса-масагояб балагьи гьабизе биччангутIизе. Киназдего кьола мустахIикъаб кIвар, хIисабалде босула гьезул жагьаллъараб психологияги, загIиплъараб черхги, хасият-гIамалалъул ва гIумруялъул хаслъиги. «Нижехъе рачIунел гIадамал гIемерисел ккола психикаги унтарал, сундасаго божиги лъугIарал, ракIги буссарал, - ян абуна централъулаз. – Гьел божизаризе ккола гьаниб жидее хIажатаб кумек щвезе букIиналда, гьеб мехалда рагьула гьез ракI ва бицуна кинаб ахIвал-хIалалъ жал гьанире рачаралали…»

## ПЛАНАЛИЩ? КИНХА ГЬЕЛ ГЬЕЧIОГО БУКIИНЕБ!

Хадуб кин гьабизеха ракIалда бугеб? Гьенисезул анищ буго, захIматаб хIалалде ккарал хьезариялъе, жалго бетIергьанаб, гIемерал гIадамал къабул гьаризе санагIалъи бугеб бакI щвезе. Гьанже гьел хIебтIун руго лъабго рукъалъул секциялда жанир. Гьединго «МагIарда тIад хинаб рукъалъулал» ургъулел руго республикаялда филиалал рагьизеги.

- Нижгоги Воронежалъулаб «Ангел – хранитель» абураб эбеллъимал цIуниялъулаб цетралъул филиаллъун ккола ва юридическияб гьумер хIисабалда гьезул кумекалда раралльун рукIуна, - ян абуна гьениб.

Дагъистаналъулаб филиал гьадинго гуро бугеб, гьелъ хIакъикъаталдаги кумек гьабулеб буго гьанире рачIунел ва къисмат мекъи ккарал руччабазе. ТIуразарулел руго гьезул суалал, лъолел руго хIалтIуда, гьарулел руго документал ва улбузеги лъималазеги пособиял, чIезабулеб буго квен-тIех, ретIел-хьит, рачунел руго тIохикье, ва бищунго кIвар бугеб жо – бижизабулеб буго хадубккун гIумру гьабизе гьираги божиги. Ралагьулел руго хадубккун гьединазе жидехъа бажарараб кумек гьабулел.

– ЛъикIаб хIалтIи рикIкIинчIого хутIизе батиларо, - ян абуна Евгения Величкинаялъ ва ракIалде щвезабуна централъе гIицIго волонтеразул гуребги, гIадатиял гIадамазул ва гурхIаразул кумекги къваригIун букIин.

- Нижер буго истограммаялда рагьараб къокъа ва дида бихьулеб буго гьенире гIадамал ракIарулел рукIин. Дагъистанияз абулеб буго жидеца кумек гьабилилан. Гьебин абуни ниж рази гьарулеб ишлъун ккола. Гьабизе буго хIалтIи…

# «ГІАДАМАЛ ЛЪИКІАЛЛЪУН РУКІИНА»




«КечI ахIиялдаса лъикIаб жо – цохIого цо кечI ахIи».
*Элла Джейн Фицджеральд*

Гьадинго гуро «Карачел» абураб, гIурус кучIдузул хоралъе ва лъималазул фольклорияб «Лукоморье» абураб ансамблялъе нухмалъулев, Саратовалъул, Л. Собиновасул цIаралда бугеб, Россиялда бищунго церегосезул цояб консерватория лъугIизабурав, ДГПУялъул макъназул алатазул кафедраялъул заведующий, профессор Юрий Ханжовас гьел рагIаби такрар гьарурал.

Араб гIасруялъул 30 соназда гIемерал гIадамал рачIана Россиялдаса Дагъистаналде, ччугIил промыслазда, заводазда, фабриказда, вузазда, школазда, больницабазда ва цогидалги бакIазда хIалтIизе, гьез рачIана жиде-жидер гIадаталги ва гьединго культура ва халкъиял кучIдулги. Шагьаралъул культура бечелъана Россиялъул фольклоралдаса цIиял кучIдуздалъун

I957 соналъ жиб гIуцIун букIараб гIурусазул кучIдузул хоралъги цIунана жиндирго гIадатал.

«Карачел» абураб хоралъ гIемераб кумек гьабуна Россиялъул культура Дагъистаналда тIибитIизабиялъе. Гьеб лъугьана Дагъистаналъул халкъазул чIухIиялъе хIужалъунги. Цониги кIвар бугеб тадбир республикаялда унаро гьеб коллективалъул гIахьаллъи гьечIого. «Карачел» абураб халкъияб хор букIуна, кирго тIоритIулел Декадазулъги, Культураялъулал къоязда гIахьаллъулеблъун: Москваялда, Санкт-Петербургалда, Бакуялда ва г ь. ц

Ансамблялъе кьуна Халкъазда гьоркьосел, ТIолгосоюзалъул, ТIолгороссиялъул конкурсазул ва фестивалазулаб лауреат абураб цIар. Хоралъе тIоцебе нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул мустахIикъав артист И. С. Лапиница ва тIоцересел гIахьалчагIилъунги ккана МахIачхъалаялъул ччугIил консервабазулаб комбинаталъул хIалтIухъаби. Хоралъ ахIулаан советиял композиторазул машгьурал халкъиял ва ччугIихъабазул кучIдул.

***РДялъул Культураялъул министерствоялъул «Карачел» абураб Халкъияб хор – ккола халкъияб творчествоялъул киналго байрамазда ва фестивалазда, гьединго республикаялъул киналго культуриял тадбиразда («Эхо гор», «Тебе, Победа, посвящается!», «Дагестан - моя семья», «Салют Победы», «Казачье подворье», «Пасха», «Масленица», регионального фестиваля "Поэзия национального костюма", международных фестивалей "Горцы", «Каспий – берега дружбы») гIахьаллъулеб коллектив.***







Хор буго руччабазулаб. Гьелъул тӀоцересе гӀахьалчагӀилъун рукӀана инженерал, учительзаби, студентал, школьникал, пенсионерал. Гьел ккола Дагъистаналъул культураялъул мустахӀикъал хӀалтӀухъаби А. К. Иванова, А. К. Марычкина, Н. Д. Трудненко, А. С. Сухорукова, Н. Ф. Иванова, Б. Е. Буслаева, В. Я. Мирошнеченко, М. М. Федотова, Т. А. Лемешева, Л. Д. Гушина, Р. Ф. Бабенько ва бищунго машгьурай кочӀохъан Любовь Щепотко.

1985 соналъ гӀурус кучӀдузул ансамбль «Карачелалъе» щвана «Халкъияб» абураб хӀурматияб цӀар. Гьелдаса хадуб коллективалъ гӀемерал ахӀула халкъиялги, махсароялъулалги кучӀдул. 1993 соналдаса хор лъугьана Дагъистаналъул культураялъулаб министерстволъул, Халкъияб творчестволъулаб Рукъалъул аслияб коллективлъун.

Лъебергоялдаса цӀикӀкӀун соназ «Карачел» хоралъе нухмалъи гьабулеб буго дагъистаналъул искусстволъул мустахӀикъав хӀаракатчи Юрий Ханжовас. ДГПУялъул макъназул алатазул кафедраялъул заведующий Ю. Ханжовас жиндирго аслияб ишалда цадахъ гьабула гӀатӀидаб жамгӀияб хӀаракатчилъиги, гьединго гьев ккола гӀемерал монографиязул ва гӀелмиялгун-методикиял хӀалтӀабазул авторги. Гьес кумек гьабула фольклорияб ва халкъияб творчестволъул макъназул инструментал церетӀезариялъе.



Ханжовас мукӀурлъун абуна руччабаздаса гӀуцӀараб коллективалъе нухмалъи гьабизе жиндие бигьаго гьечӀила амма лъикӀ бугилан. Гьеб кколила гӀатӀидаб лъай-хъвайги, макъназул гӀумруялда гъорлъе ккейги, гастролазул, конкурсазул, бергьенлъабазул ва къеязул асаралги. ЗахӀмалъулила батӀи-батӀияб пагьму-гьунаралъул кочӀохъабазул хасият – гӀамалги мурадал- къасдалги ращадал рукӀиналъ. Гьединаб ахӀвал-хӀалалда цохӀогояб къаркъала гӀуцӀизе бигьаго букӀунарила.

Юрий Геннадьевичасул пикруялда рекъон руччабазул команда рекъон хӀалтӀизабиялъе кумекалъе батулеб иш кколеб буго гӀаммаб мурадги бичӀчӀун гьезул хӀаракатчилъи цолъизаби. Батизе кколила гӀахьалаб мацӀги кумек гьабизе кколила цоцазеги. Гьебго заманаялда, Ханжовас абухъе, хӀажалъулеб буго коллективалъухъ гӀенеккизе, гьелъул мурад бичӀчӀизе.

Юрий Ханжовас рикӀкӀунеб буго хор кколила чӀагояб къаркъала ва гьелъие хиса-басиялги хасияталлъун ругила. Араб лъабкъого соналда жаниб «Карачелги» чанцӀулго хисанила. Жакъа коллективалда кечӀ ахӀулел ругила цӀиял гӀадамал, амма ансамблялъул гӀадатал гьезги цӀунулила.

Коллективалъул чӀухӀилъун лъугьана кочӀохъаби Людмила

Смирнова ва Надежда Вдовухина, концертмейстер Игорь Коробчук, гьединго цIиял солистал, хоралъул жакъасел аслиял гIахьалчагIи Алена Орлова, Валентина Эрдман, Наталья Соловьева, Нина Захарова, Амина Щукина, Елена Тынянская, Юлия Попова, Марьям Балгишиева, Валентина Имамова.



БицинчIого гIоларо къогогIан соналъ цебе гьеб коллективалъ цIияб цойги коллектив гIуцIиялъул хIакъалъулъги. 1995 соналъ Ханжовас рагьана цIияб, лъималазул коллектив «Лукоморье». Гьеб ккола лъималазул хоралъулаб коллектив ва гьез къабул гьабулеб буго кочIол ирс. Руго гьенир чIахIиязда цадахъ кечI ахIулел гIахьалчагIиги.

Лъималазул хоралъулаб коллектив гIуцIиялъ рес кьуна гIурусазул хоралъулаб кечI ахIи цIияб гIелалъе кьезе ва коллективалъул репертуар гIатIид гьабизе. Гьезул гьаракь рекъон ккана гIемерал халкъиял кучIдузе («Иванушка», «Вай калина, калина», «ГIодобкари» абурал ва гIемерал цогидалги). Мисалалъе, «Ниточка» абураб кочIол хор рекъон бачIана «Карачел» ансамблялъул репертуаралъеги. «Лукоморье» абураб маргьадулаб цIар кьураб ансамблялъул гьанже жиндирго хасаб буго концертазул программа.

ГIолохъанал солистал Татьяна Шелестова, Зайнаб ХIусенова, Милена ва Салида Айдабуловал ккола «Лукоморьеялъ» къватIире риччарал, хIадур гьарурал кочIохъаби ва гьез бажарун жидерго хIаракатчилъи бихьизабулеб буго чIахIиязда гъорлъ «Карачел» хоралдаги.

Халкъияб хоралъул гIицIго цIиял солистал гурелги буго цIияб репертуарги. Гьезул программаялда ратула гIемерал халкъиял кучIдул: «Матушка – Россия», «Ой, ка горе калина», ригьналаб «Пора пора гостям со двора», казаказул «Если хочешь быть военным» абурал ва советиял композиторазул кучIдул.

Коллективалъул концертазулаб хIаракатчилъиялъул хал гьабуни нилъеда бихьула гьезул тIадегIанаб даража, берцинлъи, рекъон ккей. Кинабго гьебин абуни буго гIахьалчагIазул кIудияб хIаракатчилъиялъул хIасил. Гьунараб жигарчилъиялъ «Карачел» ансамблялъул коллективалъе рес кьола Россиялда машгьурал коллективазул кьеразулъе ккезе, гьезда гьоркьор рехсолеллъун рукIине.

Юрий Геннадьевичасул рагIабазда рекъон лъикIаб кечIалъ гIадамал гъункизарула, ракIазе кIудияб асар гьабула ва гьуинлъи лъугьинабула. Гьаракь цоцалъ рекъон букIиналъ ракIалги гIагарлъизарула, гьенив щивасулъ бижула жив цохIого гьечIолъи, гIадамазда гьоркьов ва гьединго тIабигIаталдехун гIагарда вукIин. «ХIаракат бахъе кечI гIемер ахIизе. Гьелъ ракI хинлъизабула», - ян абуна франказул кочIохъан Мирэй Матьецаги.

Юрий Ханжов божулев вуго гIемерал ишалъулал гIадамаз гьитIинаб мехалда хоралда ахIулеб букIун батиялда ва гьеб ритIухъ гьабиялъе гьес рехсола мисалалги. Тохтуразги абулеб буго хоралда ахIулел лъимал дагьал унтулила ва гьел ццидахунарел рукIунила. Педагогазги абула кечI ахIиялъ кIалъай лъикIлъизабулила, математика ва къватIисел мацIал лъазариялъе гьелъул кумек букIунилан.

***Хоралда кечI ахIи – гьеб ккола культурияб хIалхьи, эстетикияб церетIей, творчествоялъулаб рахъ рагьи, гIумру гьабиялъул битIараб нух. Хоралда кечI ахIи чIаго гьабизе къваригIун буго, гьелъ гIадамал лъугьинаризе руго ракI гIатIидал ва гIумру берциналлъун илан абулеб буго «Карачел» абураб гIурусазул кочIол Халкъияб хоралъул художественнияв нухмалъулес…***



**Виолетта РАТЕНКОВА**




# Жеги гӀумру гьабулаго маргьулъун лъугьарал

**Алав ГӀАЛИЕВ**

ГӀолохъанав режиссер Г. Орловасул «Иван Поддубный» абураб фильм бихьизабуралдаса абизегӀан гӀемераб заман инчӀо. Гьелъ гӀадинаб ахӀи-хӀурин абуни соцсетазда къанагӀатабги кинофильмалъ бижизабун букӀинчӀо. Киноялда бицунеб буго 40 соналъ батӀи-батӀиял турниразда речӀахъулев вукӀун цониги нухалда жив къечӀев, тарихалда машгьурав атлет – гугарухъанасул хӀакъалъулъ.

ГӀемерал рецц-бакъалъулал къиматал кьеязда цадахъго камулел рукӀинчӀо «Махулав Иван», «Къей гьечӀев» вукӀиналда щакдарулелги. Гьез рехсолел рукӀана цересел гӀасрабазда рукӀарал рагӀарал гугарухъаби ва гьединазда гьоркьов ракӀалде щвезарулаан Дагъистаналъул машгьурал къуваталъулал, «Чемпионазулги чемпион» къезавурал, Ал-Клыч Хасаевги ва Мамма-Кочап Махтулаевги (Сали-Сулейман). Цо-цоязин абуни рикӀкӀуна гьел рукӀинчӀел чӀагӀи кколин, ургъарал цӀаралги маргьабиги кколилан.

РачӀаха балагьизе киб гьениб ритӀухълъи ва киб гьереси бугебали. Араб заманаялда Россиялда рукӀарал речӀухъабазул хӀакъалъул гӀемерал справочникал реганиги дида гьенир нилъер атлетал ратичӀо, гьечӀоан биценги. Вуго осетияв Темирболат Конуков «Казбек – МегӀер», гӀемерал лъикӀал рагӀаби руго «ЧӀегӀерав Иван» - казахав Кажимукан-хӀажи Мунайтпасовасул хӀакъалъулъ, мустахӀикъаб къимат кьун буго гӀурусал Поддубниясе, Заикиние, Шемякиние, Вахтуровасе, Кашеевасе… Амма Ал–Клычие ва Сали–Сулеймановасе кьураб къимат яги гьезул хӀакъалъулъ ракӀалде щвезаби батизе кӀвечӀо.

Дица гьанир рехсарал цересел спортсменалги ккола пашманаб къисматалъул ва жидер хӀакъалъулъ мухӀканал баяналги тарихиял хӀужабиги гьечӀел чагӀи. Гьел руго гӀадатиял рекьарухъаби, хӀамбалиял, жеги чӀаго рукӀаго, спорталъулаб Олимпалдеги рахун, маргьаялъулаллъун жалго гьарурал гӀадамал. Щайха нилъер гучал гӀадамал справочниказда ратуларел? Гьадинго – ракӀалдаса ун ратун, ургъел гьабичӀого хутӀун. Балагье мадугьалихъ бугеб Казахстаналда тӀадехун ракӀалде щвезавурав Мунайтпасовасул гьабулеб бугеб къимат. Гьев кколаан франказулаб гугариялъул рахъалъ чанцӀулго дунялалъул чемпион, цохӀого-цояв гугарухъан бусурман, I9I2 соналъ хириял бакӀазде ун хӀежги жинца борхарав.

Казахстаналъул хӀукуматалъул тӀадкъаялда рекъон гӀалимзабазул кӀудияб къокъаялъ гӀемерал архивал ва документал хъиршана, газетал – журналал регана Мунатпасовасул хӀакъалъулъ баянал ралагьулаго. Гьедин ратарал документазул копиял ритӀана россиялъул ишцоязухъе. Баянлъана киналго справочниказда казахазул гугарухъанасул ва ишалъул хӀакъалъулъ гӀезегӀан мухӀканго бицун букӀин. Гьанже гьев кколa казахазул бищунго рикӀкӀунел бахӀарзазул цоявлъун. Нилъеца щиб гьабураб?

Революциялда цебесеб заманаялъ Дагъистаналда Ал-Клычил цӀар цӀакъго тӀибитӀун букӀана, гьев рикӀкӀунаан лъидасаго къечӀеб, маргьалъун лъугьарав гучав чилъун. Гьес бигьаго рорхулаан, чанго чияс рорхизе кӀоларел бакӀал жал, кьур-кьурулаан маххул хӀосал, чӀимулаан тӀикъваби, тӀолаан рахсалги рухьналги ва габуралда лъун гьетӀизарулаан маххул релсал, рекулаан телефоналъул хӀубал, кодобе босулаан тӀад рекӀаравгун чу… Кинабго гьеб гьанжеги кӀочон гьечӀо гӀадамазда.

Гугарухъабазде данде гьев вахъиналъул хӀакъалъулъ нилъеда лъалеб жо абизегӀан гӀемераб гьечӀо. Ираналда, Турциялда, Китаялда, Азербайджаналда ва Россиялъул империялъул цогидалги шагьаразда ургуязда гьев бергьиналъе нугӀлъи гьабула гӀемерал шапакъатазги ва меседилал рачалабазги. Туснахъ гьавилалде ва I920 соналъ чӀвалелде цеве гьесул шапакъаталги рахъун ун рукӀана ва гьезул хадусеб къисматги лъидаго лъаларо. ГӀицӀго I993 соналъ ритӀухъ гьавуна Ал-Клыч, рахъана гьесдаса киналго гӀайибалги.

Сали – Сулейманин абуни I8 сон баралдаса гӀумру гьабулев вукӀана гьавураб бакӀалдаса рикӀкӀада ва гьесул чӀахӀиял гьунаразул хӀакъалъулъ Дагъистаналда рагӀун гурони лъалебги букӀинчӀо, бащдаб дунялги сверун гӀемерал шапакъатал щварав чи вукӀаниги:

«Дагъистаналъул къей гьечIеб гъалбацI», «Кавказалъул Геракл», «Востокалъул кумир». Гьев бергьун вукIана доб заманаялда жидер цIар рагIарав гугарухъан, полякав Станислав Збышко – Цыганевичасдаса, эстонияв Георг Лурихидаса, франкав Рауль де Бушидаса датчанав Нес Педерсенидаса, италияв Джованни Райцевичасдаса, бельгияв Омер де Бельонодаса, персав, Белалидаса, американав То Конанодаса, туркав Юсуфийдаса ва гьединго Россиялъул бакIаб цIайиялъулал Иван Заикинидаса, Николай Вахтуровасдаса, Иван Шемякинидаса.

Жал рагIарал къуваталъулазда хурхарал маргьаби гIадинал харбал камуларо. Мисалалъе, бицунаан Ал – Клычица гъалбацIалъул кIал бихъун букIанилан, Сали – Сулейманица цIиркъ гъанкъун букIанилан. Ал – Клычилги гъалбацIалъулги ккараб жо бицун букIана гьесул яцалъ. Гьединго гIемерисел росуцоязги тастикъ гьабун букIана гьесул рокъоб гIемераб заманаялъ далун букIанила гъалбацIалъул тIомилан. Гьединго гьеб лъугьа – бахъиналъул хIакъалъулъ бицунаан Санкт-Петербургалде хIалтIизе ун рукIарал гьениб шагьаралъул циркалда Ал – Клычилги цIиркъалъулги ккараб лъугьа-бахъин жидедаго бихьарал гIадамазги. Дагьалъ цебе дихъе кодобе щун букIана Украинаялъул Николаев шагьаралдаса край лъазабулев Вячеслав Чунихиница хъвараб, къуватав Рубенилги (Ал – Клычие циркалда кьун букIараб тIокIцIар) ццидахараб рухIчIаголъиялъулги ккараб ишалъул баян. Амма гьениб бицунеб бугоан гъалбацIалъул гуреб, кIиго тоннаялъул оцалъул. ШагьаралъулгIадамал хIикмалъун ругоанила гьес гьеб мутIигIлъизабураб куцги бихьун.

Сали – Сулейманил ккарал ишазеги кьучIаб нугIлъи буго. Гьелъул хIакъалъулъ гIезегIанго мухIканго хъван бугоан Санкт – Петербургалда бахъулеб букIараб «Геркулес» абураб спорталъулаб журналалда. Аренаде вахиналде цеве Сали – Сулейманица хIадурлъиялъулаб багъа – бачари черхалъе гьабулеб букIанила жанаварал жанир ругел къотIелазда цебе. Гьелде машгъуллъарав гьесда бихьичIила цояб клеткаялдаса къватIибе борчIараб цIиркъ. Гьелда цеве Сали – Сулейманица бергьенлъи босун букIун буго испанияв Альберто Гонсалесида тIад. Альбертоца гьесда гьарулеб букIун буго жинца гIемераб гонорарги кьелин жив бергьине тейилан… Гьанже рес ккедал испанияс хIукму гьабун буго жив къезавурасе тамихI гьабизе ва гьес биччан буго цIиркъ къватIибеги. Сали – Сулейман рекIеда ватилалде цIиркъ гьесда тIад речIун буго, амма гьев гIодов ккезе чIун гьечIо ва хапан цIиркъалъул щекъерги ккун гьеб гIодоб кьабун буго. ЦIиркъ гьениса бахъун гьечIо. Амма гьесда гIемерал ругънал щун руго. Квешго лъукъарав гьев больницаялде щвезавун вуго ва гьенив лъабго моцIалъ вегун вуго. Больницаялде гьесухъе чанго нухалъ щун вуго Иван Поддубный, цо нухалда гьев вачIун вуго Федор Шаляпинги Максим Горькийги цадахъ рачун.

Нилъер хабар байбихьараб бакIалде руссани ракIалде щвезабизе ккола рукIанадай Поддубниясулги Ал – Клычилги ва Сали – Сулейманилги къецал, рукIун ратани киналдай гьел бергьарал абураб суал ва гьелда бан ракIалде щвезабизе ккола Поддубниясулги къеял рукIараллъи. 1903 соналъ Парижалда франциялъул гугариялъул дунялалъулго къецазда, «Маххулав Иван» къун вукIана француз Рауль де Бушикьа, хадув чанго соналдаса Рауль гIодов лъуна Сали – Сулейманица. Гьеб букIана Поддубниясул профессионалияб гугариялда тIоцебесеб къей. КIиабилеб гьев къуна 1924 соналъ Москваялда. Гьеб мехалда «Чемпионазул чемпион» очкабаз къуна Нижный Новгородалдаса гIалохъанав речIухъан Иван Чуфистовасукьа. Поддубниясул гьеб мехалда букIана 50 сон.

Сали – Сулейманилги Поддубниясулги ккун букIана щулияб гьудуллъи. Гьев гIурусазул багьадурасда бихьана тIоцебе дагъистаниясул бугеб гьунар. ЦIар рагIарав речIухъан жиндирго ищцоялгун


Ал-Клыч

гьудуллъи гьабизе къанагIатги лъугьунароан, гьев гьездаса рикIкIада чIолаан ва тIасан гъоркье валагьулаан цIиял речIухъабаздехун. Амма нилъер ракьцоясдехун Поддубниясул хинаб балагьи букIана ва гьесул гугарухъан лъугьинавизе гIураб хIаракатги бахъана. Поддубниясул кумекалдалъун рес ккана Сали – Сулейманил Санкт – Петербургалда букIараб французазулаб гугариялъул атлетическияб обществоялда махщел цебетIезабизе. Поддубнияс гIемерал малъа-хъваял гьарулаан дагъистаналдаса гьалмагъасе, цо-цо мехалда гьевгун, дандиявго гIадин гугаризеги гугарулаан. Гьедин букIана Сали – Сулейман Флоренциялде унелъулги. Гьенив дагъистанияс цониги дандияв течIо. Хадуб, лъагIалидаса Парижалдаги кIиабилеб нухалда чемпионлъун вахъана. Жидедаго гьезда гьоркьоб цо нухалда букIараб къецалда ращад ккана.

Ал – Клыч Поддубниясдаса бергьиналъул хIакъалъулъ биценги дица битIараблъун рикIкIуна, амма гьелъие документалияб хIужаги къваригIуна. ГьедигIанго хIажалъи гьелъул бугищалиги лъаларо!? Нилъ, дагъистаниязе къваригIун буго нилъерго машгьурал гIадамал лъазеги, хIазеги, гьединазул хIурмат гьабизеги ва мустахIикъаб къимат кьун гьел кIодо гьаризеги, гIурусаз, казахаз, осетиназ ва цогидазго гIадин… Щиб лъалеб, кида бугониги Ал – Клычил ва Сали – Сулейманил хIакъалъулъги кино бахъизе гьезул хIурмат гьабулел лъугьинеги бегьула.

# ТIОЦЕРЕСЕЛ ГАЛАБИ

НекIсияб заманаялда абулаан: «Цо лълъар гьекъани, тIолабго чагъиралъул лъикIлъи-квешлъи лъала» - ян. КIиголъабго кечIалдасан гIолохъанав поэт кинав вукIиневали, узухъда, лъазе захIмат буго. Амма дида лъикI лъала поэзиялде МахсутI ЗайнулгIабидовас тIамулел тIоцересел галаби, гьесул пасихIал, рекIее кIудияб асар гьабулел кучIдул, МахсутIил буго цIакъго гьайбатаб, лъикIаб хасият – ракI-ракIалъго гьесул рокьи ккун буго нилъер гучал мугIрузде, гIагараб Дагъистаналъул гьайбатаб тIабигIаталде, нилъер гIадамазул бахIарчияб захIматалде. Гьелдалъун гьес хъван руго зодисан чIегIер накIкIал лъахъвалеб цIилицIалъул хIакъалъулъ гIадал рекIее асар гьабулел кучIдул. Гьел кучIдуздасан бихьулеб буго поэзиялда жиндирго тIолабго нух халкъалъе хъулухъ гьабулаго нахъа тезе гIолохъанав поэтас ракI-ракIалъго жигар бахъулеб букIин.

*Расул ХIАМЗАТОВ*
*«БагIараб Байрахъ», 25 июнь, 1961 сон*



* * *

МахсутI ЗайнулгIабидов,
Дие гIагарав гьудул,
Дур гIамалгин гIаданлъи
ГIураб буго халкъалъе.

Хехаб телалъ бачIараб
ТалихIалда релълъуна
Мун данде чIварал къоял,
ГIумрудул къайицадахъ.

ТIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай:

Дир хирияв МахсутI,
Гьал дир асарал
Дуца ракIарарал,
Дида кIочарал.
Дица гьал цIалигун
Пирхараб цIаялъ
Дур цIарги дур цIваги
Дие кунчIана.

*Расул ХIАМЗАТОВ*

МахсутI ЗайнулгIабидов,
Бакъул чIоралги росун
Гьезул цIилицI гьабизе
Дуца тIаса босана.
Гьал дир соназул, гьудул,
Дица цIилицI гьабуна,
Дирго гIумру лъухьулеб,
Дирго рокьи лъухьулеб.

*МухIамад АХIМАДОВ,*
*Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул Председатель, халкъияв поэт.*

Кинабго заманаялъе закон хIажалъула. Хасго гьаб нилъеде бачIараб заманаялъе чара гьечIеблъун букIана гьеб. Гьале, жакъа МахсутIил кочIоца бихьизабулеб гьелда чIараб къиямасеб къо:

Закон, дуй гьабизе жо толеб гьечIо,
Гьаб гIадлу биххараб халкъалъул васаз,
КIиго палатаялъ, гурун гъуждулгун,
Мун, чахъу кинигин, ччукIулеб буго.

Балагьеха цо, букIаралъул цIарги хвезабураб, цIиялъул рухIги чIаголъизабичIеб законалде абурал жугьабазул камиллъи бихьизе. Гьединал ратула МахсутIил кучIдул.

*ГIабасил МУХIАМАД,*
*Дагъистаналъул халкъияв поэт*

Гьесул кучIдул критикаялъ рихьизаруна авар адабияталда цIияб, гьайбатаб гьаракьлъун. Гьев вуго букIинисеб гвангъарав, гьунар тIокIав шагIир.

*Муса МУХIАМАДОВ*
*Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан*

*МахсутI*
*ЗАЙНУЛГIАБИДОВ*

«Фазул рокьиялъул анкьабго хIикмат» абураб поэмаялдаса

## АЛЛАГЬАСДЕ РОКЬИ

Гьале гьаб рокьи буго
Бищун гвангъараб хIикмат,
Дуниял-гIаламалъул
Бичас Фазуе кьураб.

Лъилниги гьечIеб гIадаб
Хасаб, Фазулаб рокьи.
Бабал ургьибго щвараб
Аллагьасул хIалкIолъи.

Шайихзабазул рокьи,
Узухъда, гучаб буго
Амма Фазулаб рокьул
Гьаракь гьечIо гьеб рокьулъ.

Устарзабазул рокьи –
Калам тIад гьечIеб къуват.
Амма Фазулаб рокьул
Боркьи гьечIо гьеб рокьулъ.

Фазулалда релъараб
Рокьи БетIергьанасде,
Буго Пушкинил, Гётел,
Тютчевасул, Тагорил.

Фазул рокьул нуралъул
Кьер Аллагьасде бугеб, -
Унго данде кколеб куц
Аварагазулалда!

Аварагазул рокьи
ХIикматалъул кIодолъи!
ХIарайнлъизе гьарула
Фазул хIикматалъги нилъ.

Аллагьасда бихьула
Гьеб хIикмат щибаб къоялъ,
Щибаб рагIулъ ишалъулъ
Фазул гьаб дунялалда.

Досда рагIула Фазул
РекIел щибаб кIутIиялъ,
Жиндир цIар рехсолеб куц
ЦIер гIадинан рухIдаллъун.

Досда бихьула щибаб
Фазул шигIрудул рагIулъ,
Жиндир кIодолъиялъул
Канлъи гьелъ угьун букIин.

Досда лъала тIолабго
ГIумру щукру бугеблъи,
Фазул гьаб дунялалда
Жиндие гьелъ гьабулеб.

Гьес гьелъие рагьараб
Кавуги буго хIикмат –
Даимлъуде жанибе,
Алжаналъул бакьулъе.

## ХАЛКЪАЛДЕ РОКЬИ

Халкъалде рокьи гьечIев
ГьечIо цохIоцин шагIир,
ГIурулъа къватIиб тIинкIун
Араб къатIра гуро гьев.

Амма Фазул гIадинаб
ГIажаибго гъваридаб,
Бицун бажарулареб
Рокьи дида рагIичIо.

ГIадамазде рокьул нур,
Анкьго кьер бугеб гьелъул –
Лъихъниги ва кибниги
Гьелда релълъараб гьечIо.

Гьелда лъаларев гIадан
Дунялалдаго гьечIо,
Гьей лъалаgревги гьечIо
Инсаниялталдаго.

Инсанасе гIаданлъи,
ЛъикIлъи гьаби гьелъие,
Чара гьечIеблъун буго
ЧIаголъи чорхолъ кквезе.

Гьеб гIамал гьечIони гьей
Фазулъун йикIунаро,
Гьеб гIамал гьечIони гьей
ГьечIо, гьаюн йикIинчIо.

Гьелъухъе кумек гьарун
ВачIунарев чи гьечIо,
ГьечIо гьелъухъе арав
Мурад тIубачIогоги.

МугIруздаса гIадамал,
ЛъарагIлъиялъул чагIи,
Росу-ракь ва Россия –
ТIолго дунялалдаса.

Сирия, Афгъанистан
Гьелъул кумек гьарулел,
Китайгун Аргентина
Гьелъул кучIдул ритIеян.

Гьелъул гьимиялъ лъимер
ЛъикIлъула Индиялда,
Аляскаялда хIикмат –
Гьелъул кучIдузул мажмугI.

Гьелъул рокьи халкъалде
Халкъалъул сабаб буго,
Гьелъул рокьи халкъалде
Къуватаб аят буго.

АхIулеб, цIалулеб кечI –
Кинабго хIикмат буго,
Дуниял-гIаламалъул
Гьариялдалъун хъвараб.

Данде гьечIеб рокьиялъ
Рукьбузе гIазаб кьола,
Халкъалде рокьи гьелъул –
Данде гучаб рокьигун.

Гинчадерида цIехе,
Москвичазда цIехе,
Дир рагIабазе нугIлъи
Гьабула гьел тIолазго.

Дунялалъул анкьабго
ХIикматалдаги цIехе.
ХIикмат жалги гьарулин
Гьелъин абизе буго.

Андрей Первозванниясул
Орден кьолеб мехалда,
Путинил кIалъаялъулъ –
Фазул халкъалде рокьи.

ГIадан вокьизе лъайгIан,
ТIадегIанаб жо гьечIо,
БетIергьанасда цебе
Ракьалда инсанасул.

Огь, Фазу ХIамзатовна,
Гьеб рахъалъ дуде щолев,
Щивниги чи гьечIилан
Гьедизе кIвела дида.

Халкъалъулго хIажалъи
БукIун йижарай шагIир,
ГIумруялде чIахIиял
Къасдал рахъинаризе.

Халкъул гIаламалъулги
Ва щивав чиясулги,
РухIияб квенлъун ккана
Дур хIикматал асарал.



# Журнал в журнале



На фото – Анастасия Пупкова,
блогер, smm-специалист

# Варианты новогодней сервировки

*Праздничная сервировка стола стала такой же новогодней традицией, как и украшение ёлки. Его оформление, несомненно, должно соответствовать торжественному настроению: ведь именно за столом мы проводим большую часть праздника.*



### КОМПОЗИЦИЯ ИЗ ВЕТОЧЕК И СВЕЧИ

Сочетание веточек хвои, живых ягод и свечи – распространенная композиция, которой часто украшают праздничный стол. Можно попробовать повторить эту идею, заменив растения, которые не продаются в наших флористических магазинах, другими живыми или искусственными веточками. Положите на дно горшочка специальную губку «Оазис», закрепите в ней веточки, хвою и свечу и обвяжите его ленточкой.

### ВАРИАНТ ДЛЯ НЕБОЛЬШОГО СТОЛА

Если Ваш праздничный стол небольшого размера и на нем не поместится много украшений, его можно оформить быстро и красиво с помощью круглой прозрачной стеклянной вазы, просто наполнив ее новогодними елочными шарами. Подберите их так, чтобы они перекликались с основными цветами сервировки (скатерти, посуды или салфеток), а сверху добавьте подходящие по цвету ленточки.



### ПИРАМИДА ИЗ ЦВЕТОВ И СВЕЧЕЙ

Из стеклянных десертных вазочек для фруктов и сладостей получится прекрасная пирамидка, которую можно оригинально оформить и поместить в центр стола. Поставьте три разные по размеру вазочки друг на друга. На каждом ярусе расставьте маленькие «финские» свечи (следите, чтобы между ярусами было не меньше 5 см, иначе стекло может треснуть под пламенем свечи), а затем разложите стеклянные шарики и живые или искусственные бутоны роз.



### БЛЕСТЯЩИЕ ОБОДКИ ДЛЯ САЛФЕТОК

Из обычных столовых салфеток попробуйте сделать настоящие украшения стола. Купите разноцветный бисер и тонкую позолоченную проволоку. Нанизывайте бисер, закручивая проволоку вокруг каждой бусинки. Конец можно выполнить в форме веточки, соединив несколько больших отрезков проволоки вместе. Получившимися ободками перехватите салфетки и разложите их по тарелкам.

# Лучшие рецепты блюд на Новый год

**НОВЫЙ ГОД – ЗАМЕЧАТЕЛЬНЫЙ ПРАЗДНИК, КОТОРЫЙ ХОЧЕТСЯ ПРОВЕСТИ В ПРИЯТНОЙ, ДУШЕВНОЙ ОБСТАНОВКЕ, В КРУГУ БЛИЗКИХ И ДРУЗЕЙ. А КАКОЕ ЖЕ ТОРЖЕСТВО БЕЗ НАРЯДНО СЕРВИРОВАННОГО СТОЛА, УСТАВЛЕННОГО ВКУСНЫМИ, АППЕТИТНЫМИ ЯСТВАМИ?! О ТОМ, КАКИЕ БЛЮДА НА НОВЫЙ 2019 ГОД МОЖНО ПРИГОТОВИТЬ, ЧТОБЫ ЗАСЛУЖИТЬ БЛАГОСКЛОННОСТЬ ЖЕЛТОЙ СВИНЬИ И ПОБАЛОВАТЬ СВОИХ ДОМОЧАДЦЕВ, МЫ И РАССКАЖЕМ В НАШЕМ КУЛИНАРНОМ ОБЗОРЕ**

## Слоеный салат «Новогодние посиделки»

**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

- *300 г отварной говядины,*
- *1 стакан отварного риса,*
- *6 варёных яиц,*
- *150 г плавленого сыра,*
- *1 белая луковица,*
- *1 щепотка паприки,*
- *1 ч.л. сливочного масла,*
- *1 ст.л. столового уксуса,*
- *250 г майонеза,*
- *соль, чёрный молотый перец – по вкусу.*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ**

Плавленый сыр уберите в морозилку минут на 30, затем натрите его на мелкой тёрке. В рис добавьте сливочное масло и 1 ч.л. майонеза, приправьте солью и перцем и перемешайте. Отделите белки от желтков. По отдельности натрите белки и желтки на мелкой тёрке и выложите в отдельную посуду. Лук натрите на крупной тёрке. Говядину нарежьте мелкими кусочками, полейте уксусом, оставьте в таком виде на 10 минут, затем отожмите и приправьте паприкой. На плоское блюдо слоями выложите сначала рис, потом – тёртый сыр, сверху его хорошо смажьте майонезом,



следующий слой – белки, на них – слой говядины, измельчённый лук и оставшийся майонез. Поверх него – слой тёртых желтков. Украсьте салат по своему усмотрению и поставьте его в холодильник.

## Помидоры пикантные с чесночком

***Для этого замечательного блюда потребуются небольшие спелые и плотные томаты.***

**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

- *помидоры – 6 штук;*
- *сыр – 200 граммов;*
- *чеснок – 3-4 дольки;*
- *майонез – 100 граммов;*
- *зелень – для украшения блюда;*
- *черный молотый перец – по вкусу.*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ**

1. Разрезать помидоры на две части. Аккуратно вынуть из них мякоть и отложить – она вам еще потребуется.

2. Сыр и чеснок натереть на терке, соединить с томатной мякотью. Посолить, поперчить, добавить майонез. Массу тщательно вымешать.

3. В половинки помидоров выложить сырную смесь.

4. Сверху томаты украсить зеленью.

5. Как видите, ничего сложного в приготовлении нет, но делать закуску лучше непосредственно перед подачей на стол, чтобы помидоры не потекли.





## ЗАПЕЧЕННАЯ УТКА – СИМВОЛ НОВОГОДНЕГО ЗАСТОЛЬЯ. ГОТОВИТЬ НЕПРОСТО, ЗАТО РЕЗУЛЬТАТ ТОГО СТОИТ!

# Новогодняя утка с румяными яблоками

### ИНГРЕДИЕНТЫ:

- *1 утиная тушка;*
- *3 зеленых средних яблока;*
- *½ лимона;*
- *80 г сметаны;*
- *Специи, соль, корица, белый перчик;*
- *Зелень.*

### ПРИГОТОВЛЕНИЕ

1. Выпотрошенную утку промыть внутри и снаружи. Промокнуть полотенцем;
2. Натереть тушку со всех сторон перцем и солью;
3. Нарезать яблоки средними кубиками, а лимон – тонкими колечками. Посыпать специями, корицей;
4. В утку уложить яблоки и зафиксировать отверстие. Поверхность тушки обмазать сметаной;
5. Духовой шкаф нагреть до 185 градусов, поместить на противень тушку, грудинкой вниз;
6. Запекать в течение нескольких часов;
7. Затем необходимо тушку накрыть фольгой и поставить еще на 15-16 минут в духовку.
8. Подать утку на праздничном подносе. Можно разделать тушку заранее либо подать целиком, вокруг посыпать зеленью. В качестве гарнира подойдет отваренный картофель.

***Считается одним из классических новогодних блюд. Подойдет даже тем, кто придерживается диеты или просто правильного питания.***

# Мандарин



**СОВЕТ:** Мандарины быстро сохнут, но если хранить их в холодильнике, то они могут оставаться сочными и свежими несколько недель.

Какой Новый год без мандаринов? Даже если в магазине можно купить свежую клубнику, мандарины всегда останутся самой популярной новогодней классикой. Заметим, что зимой куда полезнее съесть пару мандаринов, чем коробку «пластиковой» клубники. Между прочим, по некоторым показателям мандарин даже полезнее своего собрата апельсина. В нем больше полифенолов, которые являются защитой от атеросклероза. А витамин К, обеспечивающий эластичность сосудов, только усилит этот эффект. Как и все цитрусовые, мандарины не способны к накоплению нитратов, так как эти вредные вещества не уживаются с лимонной кислотой.

### ВЫБИРАЕМ

Сортов мандаринов, а также их гибридов – огромное количество. Как выбрать самый вкусный?

**Испанские мандарины** – самые вкусные и сочные. Сладкие, ярко-оранжевые, небольшого размера, с блестящей кожурой, которая легко чистится. Плоды без косточек.

**Марокканские мандарины** – сладкие, почти без косточек, пористая кожа довольно толстая, яркая, легко очищается.

**Турецкие мандарины** – на любителя. Плоды с кислинкой, с косточками, по цвету бледно - оранжевые или желто-зеленые. Эти мандарины сложнее других расстаются со своей кожурой.

**Сантра** – особый сорт. Это крупные толстокожие мандарины. Кожа у таких мандаринов практически не касается мякоти и отходит сама собой. Но не всегда эти плоды бывают сочными и сладкими, к тому же попадаются косточки.

# Мандариновый кекс



### ИНГРЕДИЕНТЫ:

- *80 г сливочного масла*
- *1,5 стакана сахара*
- *1 яйцо*
- *1 стакан кефира*
- *5 мандаринов (без косточек)*
- *3 стакана муки*
- *1 ч. ложка пекарского порошка*

### ПРИГОТОВЛЕНИЕ

Разотрите масло с сахаром, добавьте яйцо и кефир. Перемешайте. Мандарины пропустите через мясорубку вместе с кожурой и добавьте к смеси с кефиром. Введите просеянную муку с пекарским порошком. Взбейте. Форму (или несколько маленьких формочек) смажьте маслом, посыпьте сухарями и выложите тесто. Выпекайте до готовности.

# Гороскоп на 2019 год



**2019 ГОД – ГОД СВИНЬИ – ОЖИДАЕТСЯ ЯРКИМ. ОН БУДЕТ НАПОЛНЕН АКТИВНЫМ И ОТКРЫТЫМ ЖЕЛАНИЕМ ЖИТЬ. МНОГИЕ ИЗ НАС ПЕРЕСТАНУТ ЗАДУМЫВАТЬСЯ О ЗАВТРАШНЕМ ДНЕ И НАЧНУТ ЦЕНИТЬ ТО, ЧТО ИМЕЮТ В ДАННЫЙ МОМЕНТ.**

**В ЦЕЛОМ 2019 ГОД ДОЛЖЕН СТАТЬ АКТИВНЫМ, СОЗИДАТЕЛЬНЫМ ВРЕМЕНЕМ. НЕ ПОПРАВИТ СВОЕ МАТЕРИАЛЬНОЕ ПОЛОЖЕНИЕ ТОЛЬКО СОВСЕМ УЖ ЛЕНИВЫЙ ЧЕЛОВЕК, НО ДАЖЕ И ДЛЯ ТАКИХ СВИНЬЯ ПРИПАСЛА КОЕ-КАКИЕ БОНУСЫ. ГОРОСКОП СОВЕТУЕТ СМЕЛО ОТПРАВЛЯТЬСЯ ЗА «ЗОЛОТЫМ ТЕЛЬЦОМ», ТОЛЬКО НЕ ЗАБЫВАТЬ О НЕОБХОДИМОЙ ПРЕДУСМОТРИТЕЛЬНОСТИ.**



## ОВЕН

Гороскоп на новый 2019 год предсказывает Овну благополучный период, поэтому причин для волнений и нервотрепки будет меньше обычного. Получится накопить деньги на машину или квартиру, что уже прибавит уверенности в будущем. Встреча со «второй половинкой» у Овна случится внезапно – в дальнем путешествии. Ну, а в конце года Свиньи можно и свадьбу сыграть.



## ТЕЛЕЦ

Тельцу следует внимательнее отнестись ко всему, чем он решит заняться. Опрометчивость приведет к ошибкам, исправлять которые придется в одиночку. Близкие люди будут часто обижаться на Тельца в 2019 году, что он постоянно занят работой. Зато ситуация с финансами в год Свиньи будет стабильной. Разве это не реабилитирует вас в глазах родственников?



## БЛИЗНЕЦЫ

Близнецам гороском обещает не только прекрасную ситуацию в рабочей и личной сфере, но и признание широкой публики. Особенно если без боязни реализовывать свои таланты и уверенно идти к цели. Летом Близнецы отправятся в путешествие за границу, в горы или к морю. Вы сможете полноценно отдохнуть и встретить в дороге интересных людей.



## РАК

Раку предстоит хлопотный период, когда придется разрываться между домом, работой и заботами о родственниках. Но вам все под силу, если не обращать внимания на мелкие неурядицы. Мнительный по натуре Рак станет в год Свиньи увереннее, поэтому не упустит шанса устроить личную жизнь. Вот только про укрепление иммунитета не забывайте.



## ЛЕВ

Льву обещают хорошие перспективы в профессиональной сфере. Вы займете достойную должность, поэтому с финансами, достижением целей и положением в обществе проблем не будет. Год Свиньи окажется для Льва неоднозначным в плане

любви. С кем-то придется расстаться, а кого-то, наоборот, рассмотреть в качестве спутника жизни.



## ДЕВА

Деве следует в новом году быть активнее и проявить инициативу во всех областях. Тогда добьетесь всего, о чем мечтали. Не исключен служебный роман, который приведет к серьезным отношениям. Деве необходимо позаботиться о здоровье, чтобы вовремя лечить хронические болезни в год Свиньи. Возможна покупка недвижимости и капитальный ремонт жилья.



## ВЕСЫ

Гороскоп предсказывает Весам освоение новой профессии, карьерный рост и проявление талантов в коммерческой сфере. Главное, не забывайте про отдых и развлечения в кругу друзей. Для того, чтобы здоровье было на высшем уровне, Весам следует бросить курить, а также начать питаться правильно. Неожиданная встреча с любимым человеком подтолкнет к созданию семьи.



## СТРЕЛЕЦ

Стрельцам в наступающем году звезды гороскопа обещают довольно спокойный период. Возможно, самому Стрельцу этот год покажется скучноватым, так как не ожидается нескончаемой череды зажигательных эмоций и приключений, тем не менее он обещает быть неплохим, и это тоже немало. Это вовсе не значит, что в наступающем году в жизни Стрельца не будет никаких веселых праздников и развлечений. Будет, но не так часто, как хотелось бы. И проходить они будут чуть более сдержано, чем обычно. Такой это год, ничего не поделаешь.



## СКОРПИОН

Гороскоп на 2019 год советует Скорпиону аккуратно относиться к работе и быть корректным в общении с окружающими людьми. Вы слишком опрометчивы и темпераментны, чем тормозите свое продвижение по карьерной лестнице. Женщинам-Скорпионам в год Свиньи однозначно повезет в любви.



## КОЗЕРОГ

Козерога ожидает масса новостей, ярких событий и незабываемых встреч. Если окажетесь в эпицентре всего, что творится вокруг, то точно добьетесь желаемых целей. В год Свиньи Вам повезет в деньгах, деловых контактах и любви, что уже уникальный случай. Главное, Козерогу нужно чаще «включать» разумный подход, а не идти на поводу у эмоций.



## ВОДОЛЕЙ

Гороскоп обещает Водолею прекрасные отношения с близкими людьми при условии, что он станет мягче и лояльнее. Не пытайтесь весь мир подмять под себя, даже если перед глазами глобальные планы и яркие перспективы. Денежное положение в год Свиньи будет полностью зависеть от трудолюбия и практичности Водолея. Экономия поможет накопить нужную сумму.



## РЫБА

Рыбам следует отыскать в себе те таланты, которые до этого времени «спали». Тогда Вы сможете открыть свой бизнес, а также проявить себя в творчестве. Судьбоносное знакомство в год Свиньи по-настоящему осчастливит Рыб, ведь новый избранник полностью соответствует их идеалу. Вовремя лечите простуду, иначе осложнение окажется серьезным.

*Свинья великодушна: она поможет исполнению желаний и щедро наградит тех, кто достойно прошел испытания.*

# Марина АЛИЕВА

## ЗИМА В ДАГЕСТАНЕ

Снег кружится,
Ветер злится
И в Москве,  и на Неве,
А у нас без рукавиц
Ходят люди в январе.

А у нас тепло и сухо,
Санки все в углу стоят,
И коньки висят на стенке,
Дожидаются ребят.

Мы обижены немного:
Месяц зимний  наступил,
А Зима с Морозом где-то
Затерялась среди льдин.

Может, спорят и не знают,
Что и где покрыть снежком?
Вы не спорьте, приходите,
Дайте детям снежный ком.

Раскатай же по дорогам
Этот ком, Зима-краса:
На коньках и на салазках
Понесется детвора.

И Морозу будет рада,
Сразу щеки загорят.
Приходи, Зима с Морозом,
И порадуй всех ребят.

## ОСЛИК

По зимней дороге
Ослик идет,
Понурую голову,
Ослик несет.
О чем он скучает,
Не знаю и сам,
Быть может,
Скучает
По ярким цветам.





# БИЦЕ, ЭБЕЛАЛЪУЛ, УМУМУЗУЛ МАЦӀ

Нуж щалали лъазе,
Лъилали лъазе,
Лъазе гьабе, бабал,
Эбел-инсул мацI.

*ТубхIат Зургьалова*

**ХIурматиял лъимал, гьаб номералда нилъеца лъазарила хIалтIул алатазул цIарал:**

раххан
бел
газа
гъецI
сургу
лълъини
гIащтIи
кьохорхо
хъухъадиро
квартIа
чаран
нилъ
харицел
хъалахъ
кIукьмахх
кIерело
перело
лъен



# КАДРИЯ ВА ПИРИДУЛ ГВАНГЪИ

ЦIадалда цебе. ЦIадухъ балагьун. Балеб цIадукь ва Пиридул гвангъиялъукь рекIее асар гвангъараб гьабула…
Беразда цебе буго кIиго сурат: гIолохъанай ясалъул ва жеги гьитIинай, хIалицаго галаби тIамулей, кверги ккун ячуней, цIадал лъелъан йилълъуней ва гьелъул къатIрабазул пардавалъги пиридул гвангъиялъги яхчулей жоялъулги… Кадрия ва дир яс Гулейбат.

## РАКIАЛДЕЩВЕЯЗУЛ ЧВАХИ

... Дида лъала, кигIан чIамучIабги кьогIабги букIунебали лъугIелго гьечIеб чвахиялъул ракIалдещвей…

КАДРИЯ!

ЧанцIулха гьоркьор къотIулел ругел дир ракIалде щвеял ва кIочон толел ругел хIужаби, дандчIваял, лъугьа-бахъинал, ай нилъер къоязул ин.

ЦIидасан гьел ракIарулаго ва цо куналда ххолаго ракIалде щола цоги унти…

Кадрия! КечIалъулъ КечI!

Нилъер араб гIолохъанлъиялъул ракIалда хутIараб сурат. ХIатта гьеб нухда рукIарал захIмалъаби ва кIалал гьикъиялги балъго хутIулел ругеб гIадинаб асар… Ва хъалалдаса бацIцIараб ролъ гIадин, ракIалде щола, рокьиги, рохелги бижизабулел киналго лъикIалщинал ишал.

Кадрия!

Нилъ зигардула чIахIиял нилъер руччаби - хъвадарухъабазул, гIицIго ГIанхил Маринилги ва Курклиялдаса Щазалги хIакъалъулъ гурони, лъалеб хIакъикъат дагьаб гурони букIунарин ва…

Щивав чиясул букIуна жиндирго хасаб къисмат ва къанагIаталги гьел цоцазда релълъунаро. Гьединлъидал щибалиго баян гьабизе, бичIчIизе, лъазабизе лъугьинги гьадингосеб иш буго…

Жакъа дур къисматалъул хIакъалъулъ гIемерабищха лъалеб, Кадрия! ШагIир, метерисеб къоялде анищ бугей ва цее уней, нижгун цадахъ унаго цее кколей, заманаялъул асар лъалей ва гьелдаса тIуянго эркенай – Кадрия!

«МугIрул гIодоблъиялдасан байбихьула» – кинабго эхеде унеб ва зобалаздеги бакIалдеги цIалебщинаб жо ракьалда бижараб букIуна… Кадрия! ГIалахалъул яс!

Гьединаб цIар тIоцебесеб кучIдузул тIехьалъе кьолаго бичIчIулеб букIун батила дудаги борхалъиялде нух тIоцебесеб галудасан байбихьулеб букIин ва гьеб гали кидаго ва кинацаго ракьалда тIамулеблъиги.

Ракьги гIумруги гIарцухъ босизе щоларо. Гьезде рокьи гурони батIияб хважаинлъиги нилъер букIунаро.

Мунин абуни, Кадрия, «ГIалахалъул яс» нугъаязул кинидахъ ахIулел кучIдуздаса хIанчIазулазде щвезегIан гьезул асаразулъ ессарай, гьезул магIнаги тIагIамги лъарай, гIагараб ракьалдеги халкъалдеги рокьиги хIурматги цIикIкIарай, эбелалъул рахьалда цадахъ гьеб чорхолъ бессарай, кинабго тарихги куль-

тураги, мацIги лъикI лъарай ва цебесеб щиналъулго бухьен ккурай, гьебги гьанжесебги бухьинабун гьанжесеб гIелалда цебе чIезабулей – кинабго гьеб буго дур кучIдузулъ!

Ва «Нухде рачунеб сухъмахъ» абурабги ккола иргадулаб, дур дунялалде рачунеб ва гIумру бихьулеб творчество… Жиндирго нух балагьулаго кколей йиго жиндирго халкъалъул гIумруялъулаб нухде.

Гьединго «ГIолохъанлъиялъул кучIдул» абураб киналго дандечIеял загьираб, «ХIикмалъи» абураб унго-унгояб хIикмалъи загьираб, «МоцIрол гьими» абураб – рогьалил цIва Чолпангун цохIого яги вокьулевгун цадахъ йигеблъун ккола.

Гьелъ кIудияб къимат гьабулаан жиндирго эбелалъул ва гьелъулгунисеб гьоркьоблъиялъулъ бихьулаан кIиго къисматалъул гIагарлъи. Гьелги кколародай дуца «Хвасар гьарурал цIвабзазул» цояллъун, Кадрия?!

«Кьоял» абураб тIехьалда лъурал кучIдузулъ бихьулеб гьечIищ гIумру бичIчIи ва къимат кьезе бажари, гIадиллъи, гIадлу цIуни, жиндирго гIумруги йикIаяхъинги гIадамазе мисалияблъун лъугьинаби, хасал гIадамазул рукIа-рахьиналда бараблъун гIаммабго халкъалъулабги букIунеблъи?!

*ГIумру цохIо, цебего гIадин*
*ХIалакун буго рикIкIад.*

Ва бераз тIолеб буго къварилъиялъул магIо…

Аллагьасул хъваялдехун, лъикIлъиялде, квешлъиялде инсанасул бугеб балагьи. Камиял,.. Бергьенлъаби... БитIккеял...

Гьел ракIалде щвеял гуро. Чанго тIанчида рукIинеги бегьилищ, дур бечедаб ва гвангъараб - батизе бегьула къварилъаби ва камиял гIемерабги, гIумруялъул хIакъалъулъ ракIалде щвеял! Унго-унгоги лъихьаха киналго заманабазда, тIоцебесеб иргаялда гIумру бахъулебги букIараб? Жидеда релъинчIезухъа, жалго жидеего гIурал ва жидецаго тIуралел – бажари бугезухъа! Кадрия! ТIадегIанас щивасе хъван буго хасаб къадар ва гIумру гьабула хъвараб къисматалда рекъон. Дур гIумруги, Кадрия, дур къадарги къисматалда хъвараб букIана!

Гьебги ракIалде щвей гуро! Гьаний дун мунгун гаргадулей йиго дурго кучIдуздалъун ва гIемериселъ гьез хIайран гьаюрай гIенеккулейлъунги ккун.

70 сон - кIудияб гIумруйищха? Ва 40 доб къоялдаса… Гьебищ нилъедаги дур, хадусел гIелазе божигун ва рокьигун тараб поэзиялдаги гьоркьоб бугеб манзил…

***Квералги ккун, цIадалъан, пирхулеб пириялъул канлъукь унел руго кIигоял – Кадрия ва Гулейбат. Ва щибаб соналъ гIагарлъулелго гIагарлъулел руго. Гьел унел рукIана цIадалде данде…***

**Шейит-Ханум АЛИШЕВА**

## КАДРИЯ

* * *

Дир лъимерлъиялда хиял букIана
Бищунго борхатаб тIогьий яхине,
ТIолго мугIрузегун гIодорлъабазе
ГIагарай магIарул яслъун хутIизе.

ГIумруялъул нухда данде къеркьезе
Дагь гуреб батичIо дида захIмалъи.
Амма пикрабаца щибаб лахIзаталъ
АхIулей йикIана хIалхьигун кьалде.

Рокьи бергьана дир геологазде,
Ракьул гъварилъуде яккана гьелгун,
Амма сонал индал газаялъ гуреб
Пероялъ гьабуна нухда дий хъулухъ.

Нухал… кибдай гьезул ахир батулеб,
Амма свак чучизе лъалхъичIо жеги.
РекIел мурад буго, дир гIагараб халкъ,
Дур гIумру, дур тарих хIал бихьун лъазе.

*Буссинабуна ГIабдула Дагановас*

* * *

Берал риинегIан духъ ялагьун дун,
Мун цойгиялъухъе цевеса тIерхьун.
Дуе кечI ахIулей хIухьел лъугIун дун,
ГIицIго цойгиялъухъ гIенеккулев мун.

Дун духъе ничалъул чангитги чучун,
Цойгияй ячIине мун валагьун чIун.
Мунан реччалъ сорон сардал уней дун,
Сордойил макьилъцин цойгияйгун мун.

КучIдулгин балъголъи дур – цойгиялъухъ,
Рохелгин пашманлъи дур – цойгиялъухъ,
Рогьелги руккIенги дур – цойгиялъухъ,
Мунгоги рокьиги дур – цойгиялъухъ.

Гьанже дун гъарин дур ургъалида…

*Буссинабуна ГIабасил МахIамадица*



# АРАЙ юссинчIо...

«20I5 соналъул анкьабилеб сентябралъ МахIачхъалаялда гIадамаз ккун вукIана, гьитIинай яс йикъизе лъугьарав, лъималазда зулму-хIал гьабулев чи. КIигоял бихьинал рекерулел рукIана къотIнор ругел ункъо лъимералда хадур. Балагьаразда ракIалде ккезе бегьулаан гьел гьадинго расандилел ругилан, амма гьезул цояс кквезе щварай яс къеда нахъехун ехъерхъидал гьей кутакалда ахIдезе лъугьана. Гьей хвасар гьайизе вортана гьенив къотIносан унев вукIарав цояв ва гьесие кумек гьабуна гьенир рукIарал ва бихьарал гIадамазги. Цо такъсирчи лъутун ана, кIиабилев кквезе щвана. Ясалъул черхалда ратана хъахIиллъабиги ругъналги. ГIадамаз гьев хIалихьатие тамихI бакIалдаго гьабуна ва хадув полициялъухъе кьуна».

Гьелъул хIакъалъулъ хъван буго РФялъул МВДялъул Дагъистаналъулаб министерствоялъул хассаб сайталда.

«Вилана I2 сон барав вас…», «Рокъоса арай яс юссинчIо», «Араб бакI лъачIого тIагIана бихьинчи…» абурал лъазарият гIемер дандчIвала печаталъул изданияздаги интернеталдаги. КъанагIатавги чиясул хутIулеб батиларо ракI гурхIичIого, щивалиго виланин рагIидал, гьединазул суратал рихьидал, хасго гIисинал лъимал тIагIун ругилан абидал. Кинаб ракI унти букIунеб школалдаса лъимер бачIиналъухъ ялагьун йигей эбелалъул, гьединаб хабар гIинда чIвани!? АскIобго бугеб школалдеги жибго лъимер кин биччалеб, гьединал хIужаби ругеб мехалда. Гьединаб къокъаб нухдаги дандчIвазе рес бугелъул хIалихьалъиги балагьги. Сунца ва кин борцинеб гьединаб хIинкъи, кин цебе чIезабилеб лъимерги билун лъагIел, кIиго- лъабго сон индалги гьеб лъимер ургьимесалдаса щибалиго босизе къварригIунищ бикъараб, гьадинго инжит гьабизейищ арабали лъачIого рукIунел эбел-инсул рекIел къварилъи. Къасиги-къадги, гьанже гурого гьанже, ахIун бачIинин яги хъван рехилин лъимер бугеб бакIалъул хIакъалъулъ абун ругел гIадамазе щиб кумек гьабилеб? Ругелъулха хIужаби, гIарац тIалаб гьабизелъун бикъараб лъимер кIиго-лъабго соналдаса эркен гьабун тIадбуссинабиялъулги.

20I2 соналдаса нахъе 25 май Россиялда кIодо гьабула Халкъазда гьоркьосеб, рикъарал лъимал ракIалде щвезарулеб къолъун, гьелъул гIаламатлъунги ккола цIахIилтIегь. Гьеб къоялъул хIакъалъул гIемер бицунеб рагIуларо дунялалдаго щибаб къоялъ рикъулел лъимал дагьал гьечIониги.

Статистикаялъул баяназ хIинкъизарула. Халкъазда гьоркьосеб, рикъарал ва зулмуялъ хIалтIизарулел лъимал ралагьулезул Централъул

(ICMEC), баяназда рекъон щибаб соналъ рикъулелги рилулелги лъималазул къадар бахуна микьго миллионалде. Гьединазул I0-25 процент, батIи- батIиял улкабазда ратизеги кIолел гьечIо. Индиялда 50 проценталъ лъимал, аскIосан унеб машиналдасан кверги бегьун, эбелалъул кодоса рахъунги рикъулел руго. ГIажаибаб жо гурищха гьеб. ЦохIо гьеб улкаялда щибаб соналъ тIагIунеб буго 500 000 лъимер ва бащадалги кодореги щолел гьечIо.

Австралиялда лъагIалида жаниб билараб 20 000 лъимадул, балагьизе кIвечIого 2000 хутIулеб буго. ГьитIинаб Франциялдаги гьединго буго. Бельгиялда I300 лъимер араб бакI лъачIого тIагIунеб буго щибаб соналъ.

Щибаб соналъ цIех-рехазда букIуна нус-нус азарго лъимер: Испаниялда – 20 000, Германиялда – 60 – I00 000, Англиялда – I20 000, Бразилиялда – 40 000, Кана-

даялда – 45 – 50 000. ГIицIго ЕСалъул улкабазда щибаб соналъ рилула 250 000 лъимер, ай щибаб кIиго минуталда жаниб гьеnib лъимер билула.

20I6 соналъ Германиялъул полициялъул Федералияб цIех-рехалъул пресс-хъулухъалъ лъазабун букIана, араб бакI лъачIого тIагIанила 4749 лъимер, къватIисан Северияб Африкаялдаса, ГIагараб Бакъбаккудаса цадахъ чи гьечIого лъутун бачIараб лъимер. Гьездаса 43I лъимер букIанила I3 сон бачIел, 4287 лъимер I4 – I7 соназулаб ва 3Iлъимер I8 сон бараб. Пресс-секретарас абуна гьел лъимал рикъи такъсирчагIазул иш батизеги бегьулин.

Цебехун Европаялъул «Европол» абураб, полициялъулаб агенствоялъ лъазабун букIахъе, ахираб 24 моцIалда жаниб дунялалда, дагьалдаса I0 000 цадахъ чи гьечIого Европаялде биччараб санаде бахинчIеб лъимер биланин. Германиялъул лъимал социалияб рахъалъ хьезариялъул Ассоциациялъул президентас абуна лъимал ругила такъсирчагIаз жидедаса бигьаго пайда босизе бегьулел жал. Унго-унгоги гIемеразда ракIалде кколеб букIахъе, лъимал рикъулел ратизе бегьула лагълъиялъе, ялъуни гьелъие ричизелъун. БукIине бегьулеб жо буго гьебги. Жеги 2007 соналъ ЮНИСЕФалъ лъазабун букIана Европаялда лъимал ричулел ругила ва лъагIалида жаниб кIиго миллион чиясул даран кколеб бугин.

Статистикаялда рекъон Россиялдаги санайил бичулеб буго I5 000 лъимер. СогIаб ва щаклъизе бакI гьечIеб хIужаялъ нугIлъи гьабула нилъер улкаялдаги щибаб бащдаб сагIаталда жаниб цо лъимер тIагIунеб букIиналъе. Полициялъул отделениязде щибаб соналъ кIиазаргоялде гIунтIун гIарзаби рачIунел руго лъимер биланилан абураб. ГIемерисел гьел ралагьизе кIолел руго цIех-рех кватIичIого гьабизе щвани.

Россиялъул МВДялъул баяназда рекъон 20I6 соналъ батун гьечIо I I07 билараб лъимер (киналниги рилараl 45 000 яздаса – рокъоса лъутарал, эбелалъ яги инсуца цоцазухъа рикъарал, ялъуни хун ратараздаса). ЧIорогоял тарихал рукIаниги гьезул къадаралъ ракI гьанцIизабичIого толаро. ХIисаб гьабе чамал ругел лъималазухъ ралагьун ялъуни гьезухъ магIу тIолел…

Лъимер билизе бегьула рукъалъул кIалтIа хIалеб бугониги, школалде нахъе унелъулги, тукаде битIарабги, хIатта лъимал расандулеб майданалдаса ва гьарулеб бакIалдасаги уна гьел рикъун.

Дагьалъ цебе нилъер республикаялда ккана киназдаго рагIараб ва ахIи-хIур гIемераб лъугьа-бахьин. Билана чанго лъимер. Гьезул цо-цоял ратана хун, цоял гъанкъун, цоял чIван ва руго жеги ратичIел, кин ралагьаниги кодоре щоларелги.

Биларааб лъимер хехго батиялъул мисалалги гIемерал гьечIо… Бикъун сордо-къоялда жанибги тIагIинабизе рес буго такъсирчияс лъимер. Кидаго кодоб щвечIого букIине бегьула гьеб. Гьединлъидал лъимал рилараl эбелэмен сундухъго балагьичIого ва лъихъго гIенеккичIого ине ккола гьелъул хIакъалъулъ лъазабизе. ГIарза хъвазе бегьула бачIинахъего, бугеб бакI ва араб рахъ лъалеб гьечIониги, щаклъи дагьабниги кканиги.

ГIемерал лъимал рикъулел рукIин гуребги, дагьал гьечIо рокъоса лъимал лъутиялъул хIужабиги. Лъимал рокъоса уна гьениб хIехьезе бегьулареб хIал лъугьиндал, хIинкъи бугони, рахIат толеб гьечIони, гIодорегIан гьарулел ругони… Щай гурелъул гьединаб ахIвал-хIалалъ балагьалде рачинеги бегьула. Гьединлъидал хIаракат бахъизе ккола лъималазулгун гьоркьоблъи ракълилаб букIинабизе, божи-рокьиялъулаб ахIвал-хIал цIунизе.

Лъимер тIагIани, тIоцебесеб иргаялда лъазабизе ккола полициялда. Рокъосан лъути жалго лъималазда бараб жо букIаниги, гьел тIадруссинаризе ккола. ГIемер ккола гьел жалго руссиналъул хIужабиги, амма полициялъул хIаракатчилъиялъ гьениб кумек гурони гьабуларо. Лъималаздаги бихьула лъутунилан жал къватIир толареллъи, тIала гьечIого хутIунгутIи.

Законалда рекъон полициялъул хIалтIухъаби хабар бачIарабго лъугьине ккола риларал ралагьизе, амма эбел-инсуца гьарани гьеб хIалтIи лъабго къоялъ байбихьичIого тезеги бегьула, лъимер жибго бачIунищали хIал бихьизе. Амма полициялъ гьелъул хIакъалъулъ хехго лъазабизе ккола шагьаралъул транспорталъул ведомствабаздаги, аэропорталдаги, ралъдал порталдаги.

### ЛЪИМАЛАЗЕ ВА ЭБЕЛ – ИНСУЕ ЛЪИКIАБ БУКIИНА

Гьай-гьай, гьединаб хIинкъараб хIал лъугьун букIиналда бан лъимал кидаго цIодорго рукIине ва лъималазда бичIчIизабизе ккола лъаларел гIадамазда божизе бегьуларин, гьезда цадахъ кирениги ине бегьуларин. Лъималазда малъизе ккола лъица рукIаниги хIал-зулмуялъ рачунел ругони ялъуни жалго рилун ани щиб гьабизе кколебалиги.

Нижеца рахъулел руго гIадамал хвасар гьарулез хIадур гьарурал киназдаго лъазе хIажатал рихьизариял:

1. Эбел – инсуда кидаго жал ругеб бакI лъан букIине лъималазда цадахъ кидаго букIине хIажалъула телефон (инсул ялъуни эбелалъул цIаралда хIалтIизабулеб, полициялъе хIажалъани гьелъ гьел ралагьизе квегIенлъиялъе). Лъималаз кидаго абизе ккола кире жал унел ругел ва лъида цадахъ рукIине ругелали.
2. Лъималазда малъе кире аниги (чадида хадур тукаде, школалде- нахъе) гьалмагъзаби яги чIахIиял цадахъ гьечIого рукIунгеян. Гьединго малъе лъималазда жал лъицаниги ккуни, кинан ахIдезе ва кумек гьабеян ахIдезе кколелали.
3. Киданиги тоге лъимер бецIлъидал цадахъ чи гьечIого къватIире ине, гIадамал гьечIеб бакIалда рукIине, реххун тарал яги рихxарал бакIазда хIазе ва рахчаризе, рохьоре, ахикье жалго ине.
4. Абе лъималазда шагьаралда гIадамазда гьоркьосагIебеде рукIине кколин, рекIунел бакIазда цохIого рукIине бегьуларин ва машинабазде гIагарде къазе бегьуларин. Лъица рукIаниги кирениги ахIулел ва цIацIалел ругони ахIи базе малъе.
5. Малъе лъималазда лъаларел гIадамаз кьолеб босугейин, абураб гьабугейин, жидеде цIар абун кIалъалел ругониги, лъалин жал ва эбел - эменилан абуниги божугейин.
6. Лъимер даран гьабулел бакIазда, вокзалалда ва цогидал гIадамал гIемераб бакIалда билани гьел ине ккола охранасухъе яги контролерасухъе.
7. КъватIив къосун ккани ине ккола аскIоб бугеб тукаде яги конторалде. Ине бакI лъачIони кIалъазе ккола чIахIиязде.



# Къисматалдаса рорчIуларо

ЦIияб Лакалда ккарал, ракIалда хутIарал лъугьа-бахъиназдаса хадуб, гIемерал цогидалго гIадин, дир хъизанги киналдасаго махIрумлъана. Амма, эменги хун хутIарал ниж ункъоял гIезарурай эбелалъ щукру гьабулеб букIана нижго чIаго хутIиялдаса.

ЗахIматалъул къимат лъарай эбелалъул хIаракаталъ нижеда гьитIинаб мехалда къварилъиги лъазе течIо. Гьелъ гьабулаан магIишатги ва гьениб гIезабураб жо Хасавюрталде ун бичун балагьулаан гIарацги.

МахIачхъалаялда вукIарав инсул гIагарав чи Расулихъ рещтIун рукIана ниж доб мехалда. Гьесул лъади ГIайшатица дида абуна дуца жидер лъагIелгун бащадаб барав васасул тIалаб гьабизе бокьилаанилан. Эбелалъги дицаги хIукму гьабуна гьеб кумек гIагарал чагIазе чIобого гьабизе, нижее гьез гьабурабги кинго кIоченареблъун букIиндал. Амма гьез гьединги течIо, дие гIарацги кьуна ва тIадеги кумекги гьабуна.

Расулил лъабготIалаяб мина хъалайилан кколаан, берцинабги бечедабги рукъ букIана гьеб.

Расулил букIана лъабго лъимер – дица жиндир лъимадул тIалаб гьабулеб букIарай кIудияй яс Мадина; къоло кIиго сон барав вас Марат ва гьитIинай яс Ася, дир гIелбащадай. Дие гьениб лъикI букIана. Расулицаги ГIайишатицаги хIеренго ясиланги абулаан дида, гьалмагълъи ккана Асялгунги. Маратилгун гьоркьоблъи букIана «салам-каламалдалъун» лъугIулеб. Гьев вукIана гьайбатав гIолилав ва гIемеразе къабуллъулевги вукIанин ккола.

АнцIила микьго сон дица бараб къоялъ ГIайшатица кьуна 500 доллар ва абуна:

– Гьаб гIарац дуего хвезабе, къваригIани Асяги дунги рилълъина дуе кумекалъе тукаде, - ян. Дицаги диего къваригIараб-тараб ретIел-хьит босана. Гьеб къабуллъана киназего ва ГIайшатица абуна щибаб къоялъ цIияб ратIлилъ, берцинго ретIун йикIаян.

– Унго-унгоги берцинай жо йиго мун! – илан абуна гьелъ ва, хадуб Асяца катIариги рекъезабун къватIие лъугьунаго нуцIил кIалтIа данде чIварав Маратицаги абуна:

«Валлагь йигизеги йиго Ариза мун гьайбатай жо! Рокьоеищ иней йигей? Батани дица щвезайила мун, цохIого йиччазе хIинкъун вуго йикъун ине бегьула» ян

Нижер рукъалъул кIалтIе щведал Маратица абуна жинда цадахъ шагьар сверизе йилъайилан ва дица жаваб гьабуна бегьуларин рокъосел дихъ ралагьун ругин ва гIажаиблъун ккана Маратил диде буссараб кIвар бихьун.

Гьелдаса хадув Марат дида хадув чIана. Гьев диеги рекIее гIолев вукIана. Цо нухалда шагьаралда машинаялда жанир гьесул эбелгун унаго гьев вилъана дун рокъое щвезайизе ва къватIие лъугьунаго нуцIа рагьизеги вачIун, карандеги къан гьев дир кIутIбузда къочана. Дир магIу бачIана.

– Дие мун кутакалда рекIее гIола, Ариза. Бокьун буго мунгун дандчIваял гьаризе. Дица дуе къваригIарабщинабги гьабила, - ян гьев кIалъалаго гьесда кьабизеян борхулеб букIараб дир кверги ккун, гьев гьелдаги къочана… Дун екерун рокъое ана.

Хадусеб къоялъ хIалтIуде унаго дун ургьулей йикIана щибдай гьанже Маратида гьабилаян. Квеш ккараб жо букIана нижер хъизан гьезулалда бараблъун хутIиги. ТалихIалъ гьев дида рокъов ватичIо, анкьил сборазде ун ватана ва ургьизе заманги гIуна. ТIадвуссиндал дица гьесул саламги щибго абичIого къабул гьабуна.

– ТIаса лъугьа дун гIабдаласда, Ариза. РагIи кьола тIокIалъ киданиги гьединал жал гьаричIого тезе. Дица абурабщинабги кIочон те. Ругьунлъун ккун вуго ясал гуккизе, илбисалъулаб гьабула цо-цо, тIаса лъугьа, - янги абун гьев нахъе ине хIалакана.

Гьелдаса хадур ниж къанагIат гурони рихьулелги рукIинчIо, амма дида лъалаан гьев дие хиралъулев вукIин. Цо сордоялъ Маратица абуна диргун гара-чIвари гьабизе бокьун бугилан. Дун гIенеккун чIун йикIана, гьес абуна:

– Дица тIокIалъ киданиги дур ракIги хвезабиларо, Ариза. КIочон те доб сордоги, дир дудехун балагьиги батIияб букIина. Маратицаги дицаги байбихьана къойилго гIадин дандчIвазе. Гьес щвезаюлаан дун рокъое. Дие бокьун букIинчIо гьелъул хIакъалъулъ лъида букIаниги лъазе. Ахирги гьев мукIурлъана жиндие дун йокьулилан.

– Мурад гьечIо, Мурад, гьал дандчIваязул, - илан абуна дица хIалицаго магIуги кколаго.

- Маратил эбелалъ гьесие ячине гIадан ялагьулей йикIана. Гьес абуна жиндаго ятилин ячине яс илан. Хабаралда Асяца дида абуна шагьаралда дагьал гьечIила гьесие мустахIикъал ясалилан ва гьелда ракIалдего ккечIо гьеб дида квеш букIинилан.

Марат гIемер унаан къецазда гIахьаллъизе ва гьезде хIадурлъизе. Дунин абуни гьесухъ чIалгIун йикIунаан. Гьевги чIалгIун ватулаан. Цо нухалда гьес абуна: – Ариза, Ариза... Вай дун духъ чIалгIун вукIараб куц щибха дуда лъалеб! - илан.

Гьеб мехалда гордохъан нижехъ ялагьун йихьана дида ГIайшат, дун хIалакана нахъе ине. Къаси халатаб жанахIалда, цо рукъалъул кIалтIаса унаго дида рагIана ГIайшатил гьаракь.

– Те Ариза жийго, Марат. Гьаб жо гьариги гуро, буюрухъ буго. Гьей ккола дур инсул гIагарай, лъикIай ва яцIцIадай гIолилай. Дица тезе гьечIо гьелъул гIумру дуца, цогидазулго гIадин хвезабизе.

– Дида ракIалда гьечIо гьей тезе. Дица Ариза ячине йиго, - ян абуна Маратица.

– Мун гIадаллъунищ вугев? Ариза ячине рагIула ас! – илан ахIдезе лъугьана ГIайшат.

– Щай гьей ячине бегьуларей? Дуца гурищ абулеб бугеб гьей яцIцIадай ва лъикIай йигилан? ТIаде жоялъе гIагарайги йигони. Дие йокьула гьей ва гьелъие дунги.

– ТIокIалъ йихьизеги йокьиларо дие гьей, жиндирго мурадгун дир къавулъ рещтIарай хIалимай, – илан абулаго ГIайшатил рагIабазулъ рагIулеб букIана магIу. – Дунин абуни гьей бесдалай йигилан абун гурхIун йикIунаан.

– Дунялго данде чIаниги дица Ариза ячине йиго. Гьей йиго дир къисмат, эбел. Дида ккун букIана инсудаги дудаги дун вичIчIилин, - янги абун къотIизаюна гьес эбел.

Асяхъе васги кьун дун рокъое ана ва лъазабуна тIокIай гьений хIалтIизе гьечIилан. Щайин, щибилан абурал эбелалъул суалазе жавабалги кьечIого дун кьижизе ана…

Хадусеб сордоялъ Марат нижехъе вачIана.

– Щиб ккараб жо, дир вас? Аризаца лъазабуна тIокIай жий нужехъе инарилан, амма щибго баян гьабичIо. Гьей гIодилаго ячIунги йигоан. Гьале къоялъ къватIиеги яхъуней гьечIо. Лъица гьей къварид гьаюрай? – илан цIехолдана гьесда эбел.

– Дун ине бегьуларищ гьелъухъе жаниве? – янги абун, жаваб кьезегIанги чIечIого, Маратица дир нуцIида кIутIана ва дица гьев кIалтIа дандчIвана.

– Щиб дуе лъугьараб, Аризка? Дида щибго бичIчIуларо. Дир эбел кIалъанищ сон дуда?

– КIалъачIо щивго, дие гьанжеги кIалъазе бокьун гьечIо. Нужехъ дун тIокIай хIалтIизеги гьечIо, цоги балагьила хIалтIи ва дургунги хабар хадуб бицине тела, дица ахIила …

Щибго бичIчIичIого Марат нахъе ана, дун жиндие йокьулила ва лъидасаго хирияйги йигиланги абун.

Гьеб сордоялъ гIемерай гIодун свакарай дун кватIизегIан кьижун ятана. ЙорчIидал рагIана ГIайшатилги эбелалъулги хабар.

– Дир Аризаца гьединаб жо гьабуларо. Гьей йиго ракI рагьарай ва кинабго дидехун бикьула, гьениб цо бичIчIулареб жо буго.

– Дида Аризал щибго квешаб жо бихьичIо, ХIалимат. Амма Марат дир вуго цохIо. Разилъизе кIоларо дида гьес Ариза ячине, нуж мискинал ругиланги гуро, амма дие бокьун буго гьесие нижго гIадинал гIадамазул хъизаналдаса яс ячине.

– Мун йитIарайги ятила ГIайшат, дир ракIги хвеларо. Дир ясалдаги батила жиндирго къисмат.

Чанго къоялдасан эбелалъ бицана:

– Маратица ячуней йиго Мадина ГIумарова, ракIалда бугищ, эбел- эменгун нилъехъе ячIун йикIарай йорхатай берцинай яс, мединститутальул студентка. Гьанже Марат сборазда вугила, вуссаравго гьелда баргъичги ххезе бугила. Гьединлъидал мунги разилъа ХIасание ине, гIемерал хьвадизаруге гьесул эбел-эмен.

ЯхI хварай дица Маратихъе ахIана ва баркана гьесда.

– Щиб дуца дида баркулеб бугеб, Ариза? Кидал мун щварай?

Амма дица трубка гIодоб лъечIо ва ургъизе лъугьана щиб гьес гьикъулеб жо, кие дун ун йикIарай…

Доб сордоялъ телефон чIечIого ахIдолеб букIана, амма дица борхичIо. Жеги хисизабизе бегьани щиб лъалеб абун ракIалде кканиги.

Рокъой чIезе кIоларого гьел къоял дица гьалмагъалъухъ Гуляхъ тIамулел рукIана.

– Нуж цоцазда ричIчIизе ккола, Ариза. Дуе гьев я вокьулев ватуларо, яги дуда лъалеб гьечIо талихIалъе гIоло къеркьезе кколебльи, - ян абуна Гуляца.

– Ахирги босана дуца телефон, мун дихъ гIенеккизе бегьуларищ, - илан Маратил гьаракь букIана гьениб.

– Бегьула, вачIа, гара-чIварила, гьанже кватIунги бихьулаха.

Маратица абуна жив сагIаталдасан щвелилан ва гьарана киего инчIого рокъой йикIайилан. Гьеб параялъ эбел хIалакун къватIие ана ва дида ракIалде ккана, балагьейин гьелъ нижее гара-чIваризе рес кьунин.

Доб сордоялъ Марат вачIинчIо ва тIокIаб ахIичIо.

– Дица дуда щибилан абулеб букIараб!? Сон дица цоги нухалда гьикъа -бакъана, хадусеб щаматалъ гьел Мадинал эбел-инсухъе унел руго. Щиб хабар Маратилги дурги гьанже букIине бегьулеб, - ян абуна хадуб эбелалъ.

ХIасанилги гьесул дихъ бугеб рокьулаб балагьиялъулги хабар рокъоб гIемерлъана ва ахирги дун разилъана гьесие ине. РачIана багьаял сайгъаталгун гьесул эбел-эменги, амма дун гьезухъ ялагьизего ялагьичIо. МоцIидаса цIана бертаде къо.

Эбелалъ вацасул лъадуцаги босана дие лъикIаб къайи.

– Киса дуе гьадинаб гIарац? Дие бокьун гьечIо мун хадуй гIумруялъ къарзал рецIулей йикIине, - ян дандечIей гьабулеб букIана дица

– Гьаб буго дир Заурица балагьараб гIарац, эбелалъухъ батана дагьа- макъаб. Гьединлъидал къарз кIудияб гьабизе ккечIо. Щай дуе гьеб хабар?

Къаси вачIун ХIасаница дун ячана бертадул модабазул салоналде.

– Бокьараб бище, - ян абуна гьес берцинал бахIаралъул гордазде кверги битIун. – Бищунго берцинай бахIарай мун йикIине йиго.

Гьеб сордоялъ дида макьу щвечIо. Бокьун букIинчIо щибгIаги – я хабар, я суалал, я сундулъниги гIахьаллъизе. Бокьахъе букIине те, -илан ракIалде ккана.

# ГIУМРУЯЛДАСА ЛЪУГЬА – БАХЪИН

Пикрабаз рикIкIаде ячарай дида циндаго гIинда чIвана эбелалъул гьаракь, гьей телефоналъ кIалъалей йикIана.

– Кинабго лъикI буго ГIайшат. Къадги къасиги гьарулеб буго нужее сахлъи гьединаб кумекалъухъ. Къайиги лъикIаб босана. Расулицаги дуцаги нижее гIемераб кумек гьабуна, хIатта квартираги кьуна. ДагьабгIаги гьеб бецIизе рес ккелеб батила нижерги…

РекIел кутакаб кIутIиялъ толей йикIинчIо гьезул хабаралъухъ лъикI гIенеккизе.

– ГIададисеб буго дуца гьабулеб ургъел, ГIайшат. Дица кинабго нахъе гьабуна ва гьерсал рекъезаруна Маратица ахIулеб гьечIилан. Дица Мадинал хIакъалъулъ бициндал разилъун ятила гьей ХIасание инеги. Маратида дица лъазабуна Ариза жийго тейилан ва абуна гьей росасе уней йигин ва гьарана йокьулей ятани гьелда кIалал гьикъугеян.

Хадуй ГIайшат кIалъана, эбел гьелъухъ кIвар кьун гIенеккана ва абуна:

– Дуца Маратиде квешго гьужумал гьаруге. Разилъила гьевги, разилъичIого щиб гьес гьабилеб! Нижеца кIиго къоялдаса бертин гьабила гьеб мехалда киве гьев инев…

Жеги букIана гьезул хабар, амма хадусеб дида рагIичIо. Дица пикру гьабуна гьедин букIун бугин иш – хираго бичун бугин эбелалъ дир рокьи… Дида бичIчIулеб букIана эбелэмен разилъичIого Маратица дун ячани гIагарлъиялъул гьуинлъи биххизе букIин. Амма гьединаб хабар лъаралдаса ХIасание ине дир пикру хисана…

Киналго кьижидал, чара гьечIого хIажалъулебги босун дун рокъоса ана ва гьитIинаб кагъат тана: «Эбел дун дуда тIаса лъугьина, амма дун ялагьизе мун лъугьунге. ХIасанидаги тIаса лъугьаян абе, бажарани….»

Дун ана Астраханалда йикIарай, дирго учительница Алла Петровнаялъухъе. Чиго гьечIей гIадан йикIун гьелъие ниж рокьулаан ва гьанже хIажалъидал дида гьей ракIалде щвана.

– Щиб ккараб, дир яс? – абун гьикъана гьелъ цо хIинкъигун нуцIихъ дун йихьидал. Дун гьелда хурхана ва гIодана. Алла Петровнаялъ дун каранде къана ва катIариялда кверги бахъун абуна:

– ГIодой йиччай, хирияй, кинабго кIочон тола, дур къварилъиги кIочонареб букIинаро. Бицея, дие кинабго, щиб кин бугебали.

Чанго къоялъ квенги макьуги тун йикIана дун…

– Гьедин тIуяларо, Ариза, тIаде яхъая, цадахъ рукъ-бакI бакIаризе…

Дида бичIчIулеб букIана рукъ бакIаризе гьелъ дун ракI чучиялъе тIамулей йикIин ва гьедин ккезеги ккана. Гьеб сордоялъ дица Алла Петровнаялъе кинабго бицана.

– Щибха дица абилеб, дир яс? Рокьуе гIоло къеркьезе кколилан абураб гIаммаб хабаралъ щиб гьабилеб? Учительница хIисабалда гьединги абизе бегьилаан дица. Амма эбел хIисабалда гIакълу кьуни – Марат кIочон те. Мун къабуллъулареб бакIалде ригьнаде ин битIараб букIунаро. Щибаб гали бахъухъе гьев гьез дуде данде вазавизе вуго ва, абухъего лъел къатIра чIечIого тIинкIулеб бугони гамачIги борлъула. Гьединлъидал кIочон тезе хIаракат бахъе…

КIиго анкьидаса дун хIалтIизе лъугьана, херай учительницаялъул горбода кигIаналъха йикIиней. Эбелалъулгун дир бухьен букIинчIо, амма гьеб гьабун батана Алла Петровнаялъ. Жиндирго мадугьалалдаги гьарун гьелъ дир эбелалъухъе ахIун буго ва кинабго лъикI бугилан ракIги гIодобиччазабун буго.

МоцIидаса Алла Петровнаялъ, хIалтIудаса щведал, дие бицана цIияб хабар:

– Лъалищ, жакъа дида данде ккана дудаса кIиго классалъ цеве цIалулев вукIарав магIарулав ГIалибег. Мун дихъ йикIин лъан буго гьесда ва цIакъ йихьизе бокьунги бугоан. Къаси вачIине вуго гьев гьоболлъухъ.

…Дица микьго класс лъугIараб мехалда ГIалибег армиялде ун вукIана. Гьев нечадго мукIурлъун вукIана дидехун бугеб рокьиялъеги. Дунин абуни гьелдаги божичIого кIаркIарун ельун йикIана…

ГIалибег вуссана лъагIелалъ цеве, районалда доб гьалмагъир бугеб заманаялъ ва ополченцалгун лъугьун район цIунулев вукIана.

Гьанже ракIалде щвана дида, бертаде хIадурлъулеб заманаялда, эбелалъ абун букIана ГIалибег вачIун вукIанила тIугьдулги росунилан ва жинцаги гьесда абунила Ариза росасе уней йигин, тIокIалъ гьаниве вачIунгеян...

Къаси ГIалибег вачIана кIудияб квацIиги пакет цIун нигIматалги росун. Щай дуца гьабгощинаб жо бачIараб, ГIалибег, - илан хIеренго абуна Алла Петровнаялъ. – Щай гьабгощинаб гIарац хвезабизе дуе букIараб.

– Дун хIалтIулев вуго, Алла Петровна, харжги лъикIаб буго. Гьаниб вацасул бакIал ралеб фирма буго, гьес вачана дунги. Гьаниве дун вачIун вукIана цо бертин букIине бугилан рагIараб мехалъ. Доб заманаялда дие батIалъи букIинчIо, киве аниги бокьун букIана рикIкIаде ине, - янги абун ГIалибег дихъ валагьана… ГIемераб мехалъ вукIана гьев хабаралда, хадуй Алла Петровна нижги гара-чIваризе тун къватIиехун ана.

– Дун ГIалибегидаса разияй йикIана щибго гьес дида гьикъунгутIиялъ. Гьес бицунеб букIана жиндирго ишазул ва хIалтIиялъул. КъватIиве унелъул гьес гьикъана:

– Дида бихьулеб буго дур иш лъикI гьечIолъи, Ариза. Дица гьабизе кумек бугищ дуе? Батани дица бажарараб-щинаб гьабила…

Дун ГIалибегихъ ялагьана. Кидаго гIадин пашманго ругоан гьесул берал. ЛъугьинчIо дун дир цогидасдехун рокьи жеги чIаго бугилан гьесие баян гьабизеги. Гьев нижехъе гIемер вачIине лъугьана ва щибаб нухалъ цо-цо багьанаги ургъулаан. Хадуб байбихьана хIалтIудаса хадуй дун рокъое щвезайизе ва цо къоялъ гьес абуна:

– Ариза, ячIа дие лъадилъун. Дуда лъала гури дие мун йокьулейлъи… Амма дица инкар гьабуна. Гьесул дихъ пашманго ралагьарал берал рихьидал дихъа абун борчIана:

– ЯчIинаро, ГIалибег, гьечIо дир мунагьалги, ракIбухIиги ва гьединго хинлъиги, гIумруги. ЧIобогояй жо йиго дун…

Дица магIуги къулчIулаго ГIалибегие бицана ккарабщинаб ва лъалеб букIинчIо кигIан гьесда гьеб унтарабали.

Чанго къоялдаса гьев дун хIалтIулеб тукаде вачIана. Дун дагьай йиххун ккана: унго-унгоги кинабго цIидасандай байбихьизехъин бугин абун хIинкъи бачIана рекIелъе… ГурхIана гьесдаги дидагоги…

– Ариза, ракIалда бугищ, дица абун букIараб, кинаб хIал бугониги дица мун талихIайлъун гьайизе йигилан, - илан гьикъана ГIалибегица дида.

– Гьарула дуда, ГIалибег, хIажат гьечIо, байбихьуге…

– Дун духъ валагьун чIела къватIив, - янги абун ГIалибег тукадаса ана. РуккIкIунеб мех букIана дун хIалтIудаса нахъе унеб. Дагьал дорегIан ругоан кIигоял бихьинал. Гьезул цояв ГIалибег вукIин лъана, цоявин абуни мугъ реххун гIадин вугоан, бецIлъукь дида гьев бачIинахъе лъачIо…

ЦIорорал гIадин цоцахъ ралагьун Маратги дунги тун, ГIалибегица нух босун батана…

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**



Щивав чиясул гIумруялъулъ хасаб бакI ккола учителас, квешасги лъикIасги, вокьулесги вокьуларесги…
Гьесул лъимерлъиялъул ва гIолиллъиялде тIамурал тIоцересел галабазул ракIалде щвеязда гIажаибаб мугъру чIван букIуна учителас.
Учитель! Гьев ккола нилъер щивасе жиндирго талихIалъул кескал рикьулев хIикматав инсан. Живго учителасул гIумруги берцин гьабула гIемерал кесказдасан данде гьабураб талихIалъул кваціиялда.
Гьеб кваціиялъги хIикматал накъищал угьула гьесул къисматалда.
Гьеле гьединаб гьайбатаб къисматалъ берцин гьабун буго Хунзахъ районалъул Харахьи росулъа Эльмира Насрудиновна Жамаловалъул гIумруги.

# Учитель! Дур цIаралда цебе

Шамай ХЪАЗАНБИЕВА

ГIурусазул машгьурав хъвадарухъан Л. Н. Толстояс абуна учителасул букIине кколила кIиго рахъ – гъваридаб лъайги, кIудияб ракIги.

Гьеб кIиябгоги цолъун, жавабчилъи цIикIкараб, цIакъго тIадегIанаб борхалъиялда йиго жакъа Эльмира Жамаловаги.

Дида ккола ТIадегIанас учителасда тIадкъараб ишалъулъги цо хасаб хаслъи бугилан – сверухъ ругезе талихI бикьи. Гьеб бикьизе ккани къваригIуна гIицIго унго-унгояв учителасул рекIелъ гурони букIунареб кваркьаби гIемераб рокьи.

Гьеб рокьигун щивав цIалдохъанасул рекIелъ жиндирго цIар бикьула Эльмираца.

Гьей ккола магIарул мацIалъул учитель. 1994 соналда Хасавюрталъул педколледжги лъугIизабун, Эльмира тIадюссана гIагараб росулъе ва хIалтIизе лъугьана росдал гьоркьохъеб школалде учительлъун. Цадахъго, заочно цIалун, лъугIизабуна Дагъистаналъул педагогическияб университетги. 20 сонаЛъ хIалтIана Эльмира Насрудиновна гIагараб росдал школалда магIарул ва гIурус мацIазул учительлъун. Рай-

оналда гьей лъала пагьму-гьунар бугей учитель хIисабалда.

Регизин нахъехун учителалъул гIумруялъул тIохьол тIанчал.

2002 соналда гьей гIахьаллъана районалда тIобитIулеб «ЛъагIалил учитель» абураб конкурсалда. МустахIикълъана кIиабилеб бакIалъе. 2012 соналда гIахьаллъана районалъул «Рахьдал мацIалъул бищун лъикIав учитель» конкурсалда. Гьениб Эльмирае щвана тIоцебесеб бакI. ГIахьаллъана республикаялда тIобитIулеб конкурсалда. Гьенирги рихьизаруна лъикIал хIасилал «МагIарул мацIалъул учитель» номинациялда ккуна лъабабилеб бакIги.

Эльмираца абула лъималазул гьурмазда букIунеб рохелалъ тIамулила жий гьираялда гьелгун хIалтIизейилан.

Гьелъ гIемер тIоритIула цIалдохъабазулгун шагIирзабазул дандчIваялги. РакIалдаса унареблъун гьелъие хутIана кIудияв Расулилгун букIараб дандчIвай. Гьес учительги цIалдохъабиги къабул гьаруна жиндирго рокъор.

ГIемер щолаан гьей лъималгун цадахъ ГIабасил МухIамадихъеги. Хъвана гьесул махщелчилъиялда тIасан гIелмияб хIалтIиги. Гьединго Эльмира Насрудиновнаялъул махщел буго кучIдул – харбал, макъалаби хъвазеги. Гьел рахъана районалъул «Росдал захIматчи» газеталда 2015 соналъ.

Къисматалъ Эльмира ячана МахIачхъалаялде. Гьей хIалтIизе лъугьана тахшагьаралъул №8 лицеялде магIарул мацIалъул учительлъун. Байбихьудаго Эльмираца жиндирго хIалтIулъ рихьизаруна лъикIал хIасилал. Шагьаралъул конкурсазда, фестивалазда, цIалдохъабазул церерахъиназда, олимпиадабаздаги ва цогидалги тадбиразда гьелъие бергьенлъи щвечIеб бакIго хутIун батиларин абизе бегьила.

Рехсезе рокьун руго гьезул цо-цоял Эльмира Насрудиновнаялъул цIалдохъаби санайил церерахъуна МагIарул театралда рахьдал мацIазул къоялде тIоритIулел тадбиразда. Гьелъул жиндиргоги буго махщел сценаялда ролал хIазеги, кечI ахIизеги, пасихIго ракIалдасан кучIдул рикIкIинеги. ХIалтIул хIасилалги хIисабалде росун, республикаялъул магIарул мацIалъул учительзабазул ассоциациялъул председатель Баху МухIидиновалъ гьелъие кьуна баркалаялъул кагъатги шапакъатги. Амма бищунго кIудияб шапакъатлъун учителалъ рикIкIуна цIалдохъабазул гьурмазда жиндирго кумекалдалъун речараб гьимиги, рохелги, талихIги.

Гьеб киналъго кьолебги батила гьелъие къуватги жанги, тIадегIанаб даражаялда хIалтIизе. Эльмира ккола Аваручитель сайталъул хIалтIухъанги. ГIолохъанал учительзабазе кумекалъе гьенир лъола жиндирго дарсазул, тадбиразул планал, разработкаби. Гьединго гьел рахъула ассоциациялъ къватIире риччалел тIахьаздаги.

Учитель гIахьаллъула шагьаралъул ва республикаялъул учительзабазе тIоритIулел семинаразда, конференциязда, цее яхъуна жиндирго хIалтIул хIалбихьиялъул бицунел докладалгун. Исана риидал ГIандихIорихъ тIобитIараб магIарул мацIалъул учительзабазул кIиабилеб фестивалалда гьелъ гIахьаллъи гьабулеб МахIачхъалаялъул командаялъ ккуна лъабабилеб бакI.

Гьединго исана февралалда тIобитIараб «Рахьдал мацIалъул» бищун лъикIав учитель абураб шагьаралъул конкурсалда «МагIарул мацIалъул учитель» номинациялда гьелъ ккуна тIоцебесеб бакI ва рес щвана финалалда гIахьаллъизе. Ва Эльмира Насрудиновна яхъана конкурсалъул лауреатлъун – гьелъулги цIар кунчIана тахшагьаралъул бищунго лъикIав щуго учителасул сияхIалда.

Эльмира Жамалова, магIарул мацIалъул учитель хIисабалда, машгьурлъана республикаялда. Санайил лъабго-ункъго нухалъгIаги гьей ахIула ДИРОялде махщел камил гьабизе рачIарал учительзабазе, мастер класс хIисабалда, дарсал кьезе.

Гьедин, масала, гьелъ исана ФГОСалда рекъон кьолеб лъабго дарс бихьизабуна. Дарсида гIахьаллъарай ЕГЭялъул нухмалъулей ХIайбат АхIмадовнаялъ тIадегIанаб къимат кьуна Эльмирал пагьму-гьунаралъе ва тIадеги жубана: - Рахьдал мацIазул учительзабаз тIадегIанаб даражаялда кьолел дарсал рихьизе бокьилаан жидерго мацI рихарал, рахьдал мацIазул дарсаздаса инкар гьабулел хIакимзабазда», - йилан.

Эльмира Насрудиновна йиго ТIадегIанас учительлъиялъе ракьалде йитIарай гIадан. Гьеб налъи тIубана цIалдохъабазда цебе тIадегIанаб категориялъул учитель, лъималазде бугеб рокьул цIураб кIудияб ракIалъул, кидаго разияб гьумералъул, гьимулел беразул, берцинаб гIумруялъул инсан Эльмира Жамаловалъ.

Гьединабго берцинаб хъизанги буго Эльмирал. Рос ХIамзатгун цадахъ кIудияб гIумруялде нуха регIана гьелъ ясал. Аминат цIалулей йиго Астраханалъул медуниверситеталда. Зубайдаги цIалулей йиго Дагъистаналъул медуниверситеталда. Лъабабилей яс Асият цIалулей йиго МахIачхъалаялъул № 8 гимназиялда анкьабилеб классалда. ХIамзат хIалтIулев вуго бакIал ралеб бакIалда. Гьесги хъвала кучIдул. Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабасил МухIамадил редакторлъиялда гъоркь къватIибе бачIана гьесул кучIдузул тIехьги. Эльмирацаги хъвала кучIдул.

*Эльмира ЖАМАЛОВА*

## ГЬАЛ ХIАКИМЗАБИ

Гьал хIакимзабазул кьер хисун буго,
Квана-гьекъараб жо рекъондай ккечIеб
Ав Васильевасул кьурал гIакълаби
РекIелъдай тункарал, ботIролъдай къарал?

Дир цо гьари буго аптекараздe,
Элениум доза цIикIкIине гьабе.
Цоги гьари буго тохтурзабазде,
Нагагь хIажалъани, хехго тIаде щва.

Амма гурхIула дун хIалихьатазда,
ХIалица церехун рахъун чIаразда,
ЦIакъалин, тIокIалин цIар-реццги гьабун,
ЦIарухъе чIухIулел макручагIазда.

ГIакълудал бутIрулин бубудулезда,
Берцин къапуларел гьерсихъабазда,
Бадире реццарун, нахъе какдарун,
Рихьизе хIелулел бахьикъосазда.

РитIухълъи, ритIухълъи, кибе араб мун?
Умумузул закон хвезе кин тараб?
Намус-яхI, намус-яхI, киб мун бахчараб?
Чара къосаразул къавмалъищ араб?

ГьоцIолъун тIинкIараб чияр магIишат
Цо къоялъ загьрулъун къулчIизе ккела.
Кинал умумуца гIакълаби кьурал?
Кинав учителас дарсал малъарал?

Кинал эбел-инсул тарбия щвараб?
ХIарамаб-хIалалаб батIалъи лъачIеб
Кинаб ВатIаналда хIетIе дур чIараб?
Кин ракьалъ  хIехьолев хIалихьатав мун?

Дие хIажатаб жо щибниги гьечIо,
ГIадан гIадамасда вичIчIи гурони.
Дие бокьараб жо щибниги гьечIо,
Ракьалда ритIухълъи цIуни гурони.

Дица гьарулеб жо щибгоги гьечIо
Хадусеб гIелалъе гIадлу гурони.
РекIей бокьулеб жо цохIо буго дир
Иман щулияв чи ракьалда вукIин.

## ЭБЕЛАЛДЕ

Дун кIудияй гIуниги, гIагарай эбел,
Дур кинидахъ кучIдул кIочон тун гьечIо.
Санал свераниги, заман аниги,
Дур рагьдухъ цIа свине дий чара гьечIо.

Дур рокьоб гурого ракI сасунаро,
Дур гъасда гурого дун хинлъуларо,
Дур хIаччда гурого дун гIорцIуларо,
Канлъи кьолеб дунял дур буго, эбел.

Нагагь росу тун дун уней йигони,
Цадахъ йиго дида, хирияй эбел.
Ургъел – пикрабазда дун йигонани,
Кинабго тIагIуна гьей йихьарабго.

Нагагь ракI къваридго гьей ятанани,
Къварилъула дирги гьелдаго цадахъ.
Радал макьидаса дун йорчIилалде
Эбел, эбелилан щурула дица.

Дида кIолебани, хирияй эбел,
Босун гьаб дуниял дуе кьелаан.
Ургъелал, пикраби, жеги къварилъи
Къо – мех лъикIин абун нахъе гъелаан.

Дир ракI бакъванани, дун къварилъани,
Сабруйилан дуца гурищ щурулеб?
Мун гIедегIун йигин, мун хехлъун йигин,
ГIодой йиччайилан гурищ абулеб?

Дида кIола, эбел, гьаб ракьалда тIад
Эбелаб дур къадру борхатго ккезе
РитIухълъи, яхI – намус, жеги божилъи
Наслуяб хазина щула гьабизе.

## РАЧIА НИЛЪ ЦОЛЪИЗЕ

РачIа данделъизе, дир магIарул халкъ,
МагIарул яхI-намус цолъизабизе.
РачIа нилъ цолъизе, мугIрул гIадамал,
МугIрулги щобалги гаргазаризе

РачIа иццухъе нуж гIертIалги росун,
Берцинал, гьайбатал, магIарул ясал,
БацIцIадаб иццул лъим кIалдибе босун,
Сверухъ бугебщиналъ къеч хьвазабизе.

РачIа лъарахъ чвизе, гIолилал васал,
ГIолилал ясазухъ цо бер тIамизе,
Рохьил гьаваги цIцIун, цIаялги ракун
ЦIияб хабар бицун, ургъел бикьизе.

ВачIа мун, учитель, лъикIаб дарс кьезе,
ТIухьилъун рахьдал мацI биинабизе.
РачIа, эбел-эмен, тарбия кьезе,
РитIухълъи камилав инсан куцазе.

РачIа нуж, кIудиял, гьал гIолилазе
КIудияб гIакълудал гъамас рагьизе,
РорчIа макьидаса, чIахIиял-херал
Иман-ислам бугев гIадан куцазе



# «ГIицIго хинал рагIаби кидаго холаро...»

Гульнара АСАДУЛАЕВА

**Етим Эминил цIва Дагъистаналъул поэзиялда гвангъана XIX гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялда. Лезгиязул машгьурав шагIирасул цIар жакъаги киналго лъай бугел улкацоязда лъала. Амма цIалдолесухъе нух гьесул букIана халатаб: гIицIго 1927 соналъ бахъун букIана гьесул чанго кечI лезгиязул шагIирзабазул сборникалда. Гьелдаса хадуб къватIибе бачIана гьесул 15 тIехь, гIемераб хIалтIи гьабуна шагIирасул поэзиялъулаб ирс лъазабиялъе, гьесул асарал гIурус мацIалде руссинариялъе. Етим Эминил творчествоялда тIад хIалтIана Дагъистаналъул гIемерисел гIалимзаби.**

Баянаб жо ккола Етим Эминил унго-унгояб цIар – МухIамад Эмин букIараблъи. Ашугазул букIараб гIадаталда рекъон гьес жиндиего тIокIцIар ургъана, амма, гIемерисез гIадин, гIагараб росдада бухьараб гуреб, «шигIрияб»: Етим абураб рагIул магIна ккола «бесдалав» абураб. Гьединаб тIокIцIар босиялъе гIиллалъун гIемеразда бихьулеб буго кочIохъанасда дунял бичIчIилъун. «Бесдалал гIадин» рукIана гьесул заманаялда гIадамал ва гьеса лъикI бичIчIулеб букIана халкъалъул къварилъи ва мискинлъи. Гьев живгоги гIадамазда лъикI вичIчIулаан ва гIемерисез лъикI къабулги гьавулаан. Щайгурелъул гьеса гIемераб бихьун букIана гIакъуба-къварилъи: битIккечIеб рокьи, унти ва гIагарлъиялда чIалгIин, гьалмагълъиялъ рехун тей, гIумруялъул ахиралда мискинлъи. Абула гьединабго къисмат букIанила гьесул кучIдузулгиян. ГIемерисел гьел тIагIун руго. Нилъехъе щварал документазда рекъон МухIамад-Эминица эркенго хъвалеб букIун буго лъабго мацIалда: лезги, гIараб ва тюрк.

Эмен хведал Етим Эмин тун вуго гIагараб Ялцуг росулъ судиявлъун. Гьев вукIун вуго гIадатияв, гIадамал ричIчIулев, вацIцIадав чи…

*«ГIицIго хинал рагIаби хвел гьечIеллъун рукIуна,*
*Хисардулеб гIумруялъ даим чIаго хутIула…»*

ян хъван буго гьес.

ГIадлуяв инсан ва хъулухъалда вугев чи хIисабалда гьес къуричIого цIунулаан шаригIаталъул ва рухIиял гIадлуял. КъватIир чIвазарулаан жидер мурадазда рекъон гьел гIадлу хвезарулел судиял – ришватчагIи, данде гьарулел дибирзаби, кIи-кIи лъудби рачунел…

ШагIирас хъизан гьабуна кватIун, гьес ячана гIемерал кучIдузулъ жинцаго рехсарай Туквезбан. Лъимал гьезул рукIана кIиго яс – Кизханум ва Муслимат.

Туквезбанилгун Эминил лъай-хъвай ккана Кеан росулъ МухIамад Ходжал медресалда цIалулеб мехалъ. Гьенир Этимгун цIалулел рукIана Ходжал лъимал – яс Туквезбан ва вас Эминилгун лъикIаб гьудуллъи ккарав, АмирхIамза. Гьениб гIолиласул илагьияб рокьи ккана гIолей йикIарай берцинай ясалъухъ. Щиб лъалеб гьелъиеги рекIее гIолев вукIун ватани чергесав ва гьайбатав, киналъулъго лъикIаб рахъалдаса живго вихьизавулев, цIалулъ мисалияв ва тIадеги кучIдулги ургъулев гIолилав. Эминил доб мехалда букIана 15 сон. ГIолилазул цоцаздехун бугеб гьуинаб балагьи бихьарав Ходжа МухIамадица, гьезул гьоркьоблъи лъугьиналдаса хIинкъун Эминие гьукъула жиндир медресалда цIализе. Амма, Эминица кучIдузулъ хъвалеб букIахъе, гьесда жиндирго ракIалъ йосарай яс кIочонаро, гьелде кучIдул гьаризе вала ва тIолабго гIумруялъ кучIдузулъ гьес гьей кIодо гьаюла.

ЦIалун рахъиндалги рес ккечIо гьезие цадахъ рукIине. Туквезбан кьуна, гьелъул къимат гьабуларев цогиясе. «Мун ригьнаде кьурасда лъаларебха дур къимат» - абун хъвала шагIирас Туквезбаниде гьабураб кочIолъ. Анкьго соналъ вукIана Эмин йокьулелъухъ балагьун… «Анкьабго сон сверана, свинчIого духъ рокьигун…»

Етим Эмин вукIана гIумру бокьулев чи ва гьеб хиральиялъе гIиллалъунги гьесул гIащикъаб рокьи букIана. Гьесие ракIалъ йосарай, гIемерал церехунисезе гIадин, гьадинго цее тIамулейлъун, сурат цебе чIолейлъун гурей, чIагояй, жиндирго гIолелги гIоларелги рахъалги ругей, талихIавлъун гьавизе ва гьединго унтизабизе рес бугейлъун йикIана. Гьесда лъалаан чIужугIаданалда цадахъ лъикIлъиги квешлъиги букIунеблъи, гьей рукъалъул гъасито цIунулейлъун ва гьединго гьеб хвезабулейлъун йикIине бегьулейлъиги.

Хасго магIнаял руго гьесул лъудбузул хIакъалъулъ, руччабазе «къимат кьун» гьарурал кучIдул. Гьезда абизе бегьила лъабго бутIаялъул поэмаянги ва буго цебе ва хадуб рагIиги. ШагIирасул пикруялда рекъон гIакъилай лъади росасе ракьалда алжанлъун ятула. Гьединай лъадигун заманги лъикI тIамула ва харбие цоги щивниги чиги къваригIунаро. Гьединай яс гIезаруразе – абадияб реццги ва парахалъиги букIуна. «ГIакъилал гурел» лъудбузул хIакъалъулъ бицун буго «Квешай лъади» , «Гьобол вокьуларей лъади», «Нич гьечIей лъади», «ГIамал гьечIей лъади» абурал кучIдузулъ ва гьединазе якъинаб къиматги кьун буго. КIудияб кIваралде босана ва гIемерисел бихьиназе бокьичIо Етим Эминил кIиго лъади ячаразде гьабураб кечIалъ.

*КIиго лъади – гьеб азарго дагIба*
*КIиго лъади – гьеб питнаги рагъги, кьалги*

ТалихIаб ва рахIатаб хъизаналъе цо лъади йикIин лъикIаб, амма гьеб лъудбузул хабар ахирги махсароялде сверула: БетIергьанасе вокьулесе гьей цониги гьечIони гIола. Гьесул поэзия бижана халкъалъул, миллаталъул кьучIалда, гьелъ жанибе бачана халкъалъул рохелги къварилъиги, амма гIуцIиялъул рахъалъ гьесул кучIдул релъуна Бакъбаккул поэзиялда. ГIадатиял образазде тIаде Эминица хIалтIизаруна жиндиралго цIиялги.

Гьесул пашманалги аваданалги кучIдузулъ бихьула магIарулазул гIумруялъул киналго рахъал: миллияб эркенлъиялъе гIолон къеркьей, хъизан – рукъалъул масъалаби, гIадамазда гьоркьосеб ращалъи гьечIолъи, мискиназе бугеб захIмалъи.

Кин жакъасеб ахIвал-хIалалда ракIалде щвезариларел Етим Эминил гьал якъинал рагIаби:

*ЛъикI вуго я цIогьор, ялъуни хIарамзада*
*РацIцIадазе абуни бакI кибго батуларо.*

***КIиго гIасругIан заман аниги Етим Эминил кучIдул чIаго руго, заман гIемераб аниги гьезул кIварги магIнаги гIодобе ккечIо. Унго-унгояб поэзиялда заманаялъул бакIалъул, миллаталъул, божиялъул гIорхъаби лъаларелъулха, гьеб лъугьуна абадияб ва гIаммаблъун.***

## КЪВАТIУЛ ХАРБАЛ ЦIАЛКIУЛЕЛ ХЕРАЛ РУЧЧАБАЗДЕ

КъватIул харбал цIалкIугеян
ЦIакъ гьарула, гьей, хараби!
Хабалъе бох бегьарал нуж
Мунагьакье ккезе чIоге.

ЦохIо хьулни бугебха дир,
Нужер мацIал, мацIихьаби,
ЦIан рахъулев шагь анищ цо…
Унго, кида руцIцIун чIелел?

Хабалъниги теларебдай
ТалихIкъадаз рогьо-хьандей?
Дие къо къварилъанагIан
КъватIахъ роххула хараби.

Махьа чIегIер, кIал бахьинал
Бахьикъосал хараби,
КъватIул харбил устарзаби,
Теларищ дун хIалхьиялда?

Нужер мацIазул цIадуца
ЦIуллъун рухIарал рагIана,
Амма, херал руччаби, лъай:
РухIила нуж жужахIалда.

Дир рахъалъан йокьулелда
КьогIал гьерсал рицарал нуж,
Нуж сабаблъун гурищ гьанже
Габур далун вугев Эмин!

## ОГЬ, НИЛЪЕР ГIУМРУ

Гьанир – гьерсал хъурулел,
Дора – намус бичулел,
Нич тIагIарав хIалихьат
ХIасратго пударулев.

Кибго ритIухълъи гьечIо,
БитIккараб хIалтIи гьечIо,
ХIакимлъун – хIарамзада,
ХIалтIуда пакъирзаби.

Хьандей, рогьо, гьереси, -
Гьале балагьазул ицц…
Гьалда къвал бан рукIани
Нур свинарищ гIакълудал?

Залимзабазул закон –
Зулмудукь ругел чурхъи.
РагIи – гьеб пардав буго,
Квешаб пиша бахчизе.

Гьерсил кверщаликь буго
КинабгIаги гIаламго,
ГIоде чвахун магIугин
Ялжухалдаса Ятим!

Руссинаруна ГI-ХI. ШАХТАМАНОВАС

# ДЮРК НОХЪОЯЛДА КЕЧІ АХІУЛЕБ МЕХАЛДА









Дагъистаналъул бищунго хIикматал бакIаздасан цояблъун ккола Табасаран районалъул Хустиль росдал гIагардехун кколеб Дюрк нохъо. Гьеб гьанже рикIкIуна федералияб кIваралъул, тIабигIияб ва культурияб памятниклъун.

Нохъоде жанире рачуна чIедераб нухалъ ва гьенире рахуна цIулал гьарурал жагъалалго ва гьединго ганчIида рикIарал болъабаздасан. Нохъоде жанибе нух буго Даркдагъ мегIералъул, 750 метралъул борхалъиялда, кьурул пирсалда. Биценихъе, цебе гьеб нохъоялда жаниб букIун буго анкьго къотIел, хадур гьел бакIал рихххун руго ракь багъарараб заманаялда ва гьанже хутIун буго кIиго къотIел ва гьезул мокърокьан далун руго чIахIиял тIалаби.

ТIоцебесеб залалъул халалъи буго 7 метра, гIеблъи 5 метра ва борхалъи 4.7 метра. Гьенисан нух буго, 4.7 метралъ гIодобегIан кколеб гъоркьияб залалдеги. Гьенирeги лъугьине бегьула цIулал чIедерабго болъодасан. Гьенисанги нух буго чIедерабго ва кире щвезегIан рачунелали лъалареб нохъодеги. Гьенире лъугьине гIадамалги хIинкъула.

Нохъоялъул гьанже тIалаб гьабула: къадал рохьун ва хъахIгьарун руго ва гьенир гъоркь, чанго гъат гьабун, гIадамаз рачIунел халичаби тIамун руго. Кидаго рукIуна гьенир рекIун нартил чирахъалги. Вуго гьеб бакI цIунизе ва гIадлу гьабизе тарав чиги ва гьесго гьарула экскурсиялги.

ГIадамаз бицухъе гьенир нохъода жанир сихIкъотIун чIани рагIулила кибалиго ракьулъ жаниб чвахулеб гIорул сас. Гьединго, нохъоялъул хIикмалъилъун буго гьелъ ахIулеб кечI. Цо-цо мехалда нохъоялда жанир квешал гьаркьалги рахъунел руго ва гьел рагIулел руго аскIоб бугеб Хустиль росулъги. Цере гьел гьаркьал рикIкIунаанила садакъа гьабиялде ахIилъун ва гьанжегицин херал гIадамаз абулила: «Дюркалъ садакъа гьарулеб буго» ян.

Балагьараб мехалда некIо заманаялдасаго букIун буго гьаниб батIи-батIиял жалазда божулезул хирияб бакI, ислам баккаралдасайин абуни гьеб лъугьун буго какал разе гIадамал хьвадулеб бакIлъун.

Гьеб нохъоялъул хIакъалъулъ гIемерал маргьаби-биценалги руго. Абула гьениб бахчун бугила тIоцеве Югалъуб Дагъистаналда ислам тIибитIизабизелъун вачIун вукIарав, гIарабазул рагъулав цевехъан Масламал хвалченилан. Херал гIадамазул баяналда рекъон гьеб нохъода гIумру гьабулел рукIун руго «эреллерал» ай хIикмалъабазул гIадамал.

***Дюрк нохъоде щвезе нужер хиял ккани, кIочене бегьуларо хадусеб: нохъо хирияб бакIлъун рикIкIунеб бугелъул, руччабаз ботIрода чIвазе ккола кIаз. Гьединго гьенире экскурсиялъ унел ругони, квегIенал хьиталги ретIелги ретIани лъикIаб буго, квалквал гьечIого рилъине ва свакачIого рукIине.***

**Гульнара АСАДУЛАЕВА**

# ТалихI

ТалихI букIанила дунял сверулеб ва гьелъ данде ккаравщинасул мурадалги къасдалги тIуразарулел рукIанила. Гьедин цо нухалда талихI гвендинибе кканила ва кинго къватIибе бахъине кIолеб букIинчIила. Гвендалде аскIоре рачIунел рукIанила гIадамал ва загьир гьарулел рукIанила жидерго мурадал ва ТАЛИХIалъги гьел тIуразарулел рукIанила. Цо нухалда гвендида аскIове вачIанила гIолохъанчи. Гьев ТАЛИХIАЛЪУХЪ валагьанила, амма щибго гьаризе лъугьинчIила ва гьикъанила:

- ТалихI, дуего щиб бокьун бугеб?
- Гьаниса къватIибе бахъизе…

ГIолилас гьелъие кумек гьабунила ва жиндирго нухалъ анила, ТАЛИХIИН абуни гьесда хадуб бекерун анила…



# Лъица букIаниги кьела гьезие жидерго ракI …

Цо росулъе вачIун гIумру гьабун чIана херав гIакъил. Гьесие рокьулаан лъимал ва гIемераб заман гьелгун тIамулаан. Гьединго гьесие бокьулаан гьезие сайгъатал гьаризе, амма кьолаан загIипал жал. КигIанго гьел цIунизе хIаракат лъималаз бахъаниги расанкIаби рекичIого хвечIого хутIулароан. Лъимал къварилъахъдулаан ва гIодулаан. Гьоркьоб заман унаан, гIакъилас хадурги кьолаан гьезие дагьалги загIипал расанкIаби…

Лъималазул эбел-инсуда гьеб чIалгIана ва гIакъиласухъе рачIана:

- Мун гIакъилав чиги вуго нижер лъималазе лъикIлъиги бокьун буго дуе. Амма щай дуца гьезие гьединал сайгъатал гьарулел, расандизеги бегьуларел…
- Дагьаб заманаялдаса, - ян гьимана херав, - лъица букIаниги гьезие жиндирго ракIги сайгъат гьабила… Щиб лъалеб гьедин гьел ругьунлъани гьеб багьа гьабизе кIолареб сайгъат дагьабниги цIунизе.

**Женщина Дагестана**

**На аварском языке**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД.
**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru
**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
П. З. АБАКАРОВА
**ответственный секретарь**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
С. Г. ПАРХАДАНОВА
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**и. о. редактора лезгинского выпуска**
С. Э. АСЛАНОВА
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: J-dag@mail.ru
**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**
Сдано в набор 19.10.2018.
Подписано в печать 29.11.2018.
Формат бумаги 60 x $84^1/_8$.
Объем: 5 печ. л.; 4,65 усл. печ. л.
Заказ № 1105. Тираж (3255)497 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00368 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложке:**
I – Жасмира Багичева – доцент кафедры педагогики и психологии дошкольного и дополнительного образования ДГПУ;
III – Алия Магомедова – победительница Международного фестиваля моды, красоты и таланта «Красавица Европы–2018»

# Дагъистаналъул гIолохъанай топ – моделалъ Европа квегъана

**Виолетта РАТЕНКОВА**



АнцIила кIиго сон барай Алия МухIамадова ккола профессионалияй модельльун. Гьей гIахьаллъула модаби рихьизариялдаги, суратал рахъиялдаги, видео – съемкабаздаги ва гьей хIалтIулей йиго дунялалъул гIемерал лъималазул брендалгун. Гьединго гьелъ гIахьаллъи гьабула шагьаралда тIоритIулел культуриял тадбиразда.

Алияе гIемерал шапакъатал щун руго гурхIел- рахIмуялъулал фондазул рахъалдасанги. Гьелъул руго батIи-батIиял творчествоялъулал конкурсазда ва спорталдаги гIахьаллъун щварал дипломал, медалал, кубокал.

Алия – чанцIулго бергьана Дагъистаналъул, нилъер улкаялъул ва гьеб бахун къватIиселги, лъималазул модаялъул ва берцинлъиялъул конкурсазда.

Исана маялда СКФОялда букIана ТIолгороссиялъул World Russian Beautyлаб конкурсалъул тIаса рищиялъулаб тур. Гьений иргадулаб нухалда гьитIинай фотомоделалъе щвана «Super Model Kavkaz». World Russian Beuaty абураб номинациялда ГРАН – ПРИялъул аслияб приз ва гьелъ Алияе рес кьуна исана Македониялда «Красавица Европы-2018» абураб халкъазда гьоркьосеб фестивалалда Кавказалъул рахъалдасан гIахьаллъизе.

Гьанже жийго гьей берцинальул хIакъалъулъ бицина. Алия МухIамадова ккола МахIачхъалаялъул №13 гимназиялъул 6 абилеб классалъул цIалдохъан. ГьитIингоялдаса хьвадулей йикIана гьей нилъер заманаялъул кьурдиязде, машгъуллъун йикIана спорталде ва цIалулей йиго музыкалияб школалъул театралиябги вокалиябги отделениязда. Гьединго гьелъ рахъула сураталги.

Алия йиго ракI лъикIай, киназдехунго рагьарай, хIеренаб гьимиялъул яс. ГIемерал руго гьелъул эркенаб заман цадахъ тIамулел гьудулзабиги. Гьелъ бахчулеб гьечIо цее яхъине бокьулеблъи ва сценаялда лъикI букIунеблъиги, рикIкIунеб буго гьеб гьечIого жиндие гIоларилан.

Эркенаб заман дагьаб гурони гьечIониги: кьурдулезул коллектив, модельнияб агенство, цее яхъинал, суратал рахъи, школалда цIали Алияе захIмалъуларо. Гьелъие рокьулел предметал руго гIурус мацI, литература, къватIисел мацIал, биология.

Алиял анищал руго гIумру хореографиялъе ва эстрадияб вокалалъе кьезе ва гьединго кьурдизе ругьун гьарулеб школа рагьизе. Алияца абулеб буго моделалъулаб бизнес – жинца гьадинго рекIелгьеялъе гьабулеб жо бугилан.

***Нилъее хутIараб жо буго гьей гьитIинай гьунарал гIемерай ясалъул мурадал тIурайгиян гьаризе; йикIине те гьей Дагъистаналъул гьунар тIокIал ва гьайбатал руччабазул кьеразулъ мустахIикъаб бакI ккурайлъун.***


ARAVIA
Professional
ARAVIA
Professional

### ЯНВАРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Вт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Ср | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Чт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Пт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Сб | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Вс | 6 | 13 | 20 | 27 | |

### ФЕВРАЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | |

### МАРТ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

### АПРЕЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Ср | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Чт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Пт | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Сб | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Вс | 7 | 14 | 21 | 28 | |

### МАЙ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Вт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Ср | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Чт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Пт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Сб | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Вс | 5 | 12 | 19 | 26 | |

### ИЮНЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 3 | 10 | 17 | 24 |
| Вт | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Ср | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Чт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Пт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Сб | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вс | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |

### ИЮЛЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Вт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Ср | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Чт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Пт | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Сб | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Вс | 7 | 14 | 21 | 28 | |

### АВГУСТ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Вт | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Ср | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Чт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Пт | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Сб | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Вс | 4 | 11 | 18 | 25 | |

### СЕНТЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вт | | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Ср | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Чт | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Пт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Вс | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

### ОКТЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Вт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Ср | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Чт | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Пт | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Сб | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Вс | 6 | 13 | 20 | 27 | |

### НОЯБРЬ

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Вт | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Ср | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Чт | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Пт | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Сб | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вс | 3 | 10 | 17 | 24 | |

### ДЕКАБРЬ

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Пн | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Вт | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Ср | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Чт | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Пт | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Сб | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Вс | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |

# 2019



ИНДЕКС 73899